

Avi sou garanti pwosediral

Dwa paran genyen pou edikasyon espesyal K-21



Biwo pou amelyorasyon opòtinite pou etidyan
255 Capitol Street NE
Salem, Oregon 97310

Dokiman sila konfòm avèk tip garanti pwosediral nan depatman edikatif peyi Etazini Damerik Avi (mwa jen 2009) avèk enfòmasyon presi sou règ leta Oregon si nesesè.

Preparasyon dokiman sa a se pou lane eskilè 2020-2021. Toutfwa, dokiman sa a ap an vigè jouk tan distrik eskolè yo avèti.

Si w gen kesyon ou ta renmen poze oubyen w gen kòmantè sou dokiman sa a ou gendwa kominike ak :

Biwo pou ogmantasyon opòtinite pou timoun
(Office of Enhancing Student Opportunities)
Depatman edikasyon nan Oregon
(Department of Education)
255 Capitol Street
Salem, OR 97310
(503) 947-5634

Dokiman sa a disponib sou sit entènèt Garanti pwosediral (Procedural Safeguards) la nan : <https://www.oregon.gov/ode/rules-and-policies/Pages/Procedural-Safeguards.aspx>

Se politik ministè edikasyon e yon priyorite depatman edikasyon Oregon pou pa gen okenn diskriminasyon oubyen tizonnay sou ras, koulè po, sèks, eta sivil, relijyon, peyi natifnatal, laj, oubyen andikap nan yon pwogram, aktivite, oubyen anplwa nan lekòl. Moun ki ta renmen poze kesyon sou opòtinite egalego e sou entèdiksyon pou gen diskriminasyon ta dwe kominike avèk State Superintendent of Public Instruction nan Oregon Department of Education, 255 Capitol Street NE, Salem, Oregon 97310 ; telefòn 503-947-5634 ; faks 503-378-5156.

Enfòmasyon ki make nan ti livrè sa a se pou :

- Paran timoun jan li make nan 34 CFR 300.30, ki se oubyen ki gendwa admisib pou sèvis edikasyon espesyal dapre lwa sou edikasyon moun ki gen andikap (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA).
- Etidyan majè ki gen yon andikap oubyen timoun minè ki emansipe dapre ORS 419B.550 jouk 419B.558 e OAR 581-015-2325.

DEFINISYON "PARAN"

IDEA bay paran timoun ki gen andikap sèten dwa. Yon paran gendwa se :

- Yon paran byolojik oubyen adoptif yon timoun ;
- Yon paran foster yon timoun ;
- Yon responsab legal (men ki pa yon òganism deta) oubyen lòt moun ki gen responsablite legal pou byennèt timoun lan ;
- Yon pèsonal k ap aji kòm paran nan plas yon paran byolojik oubyen adoptif (an kontan granmè granpè, bèlmè bopè, oubyen lòt fanmi) avèk ki timoun lan ap viv ; oubyen
- Yon paran sibstiti distrik eskolè oubyen tribinal pou timoun nome.

Si gen plis pase yon moun ki kalifye pou l aji kòm paran, e paran byolojik oubyen adoptif la ap eseye aji kòm paran, paran byolojik oubyen adoptif la ap prezime pou l paran an vèti IDEA a. Toutfw a :

- Règleman sa a pa valab si paran byolojik oubyen adoptif pa gen otorite legal pou l pran desizyon sou edikasyon timoun lan.
- Si gen yon manda tribinal oubyen yon dekrè jidisyè ki idantifye sèten moun ki dwe aji kòm paran yon timoun oubyen ki pou dwe pran desizyon sou edikasyon yon timoun, se moun sa k ap paran pou rezon edikatif espesyal.

🎓 Etidyan ki alaj 18 lane, etidyan pi jèn ki aplikab e ki marye, oubyen ki emansipe devan lalwa, e san yon titè tribinal tabli, gen responsablite pou pran desizyon sou pwòp edikasyon pa yo a. Etidyan sa yo ap gen tout dwa paran gen nan IDEA e ki mansyone nan piblikasyon sila.

🎓 Senbòl sa a endike materyèl ki konsène etidyan majè e/oubyen timoun minè ki emansipe.

🎓 Note dwa nan ti livrè sa a ki konsène yon timoun ap konsène yon etidyan majè tou ki elijib an vèti nan IDEA a.

Se pa tout etidyan ki gen andikap k ap elijib pou sèvis edikasyon espesyal an vèti IDEA a. Kèk etidyan gendwa gen andikap ki aji sou gwo aktivite nan lavi men ki pa satisfè kondisyon elijiblite yo pou youn nan kategori andikap an vèti IDEA a. Timoun sa yo gendwa gen pwoteksyon lòt lwa federal diferan, tankou seksyon 504 nan Rehabilitation Act of 1973 oubyen nan American with Disabilities Act (ADA). Dwa timoun sa yo ansanm ak paran timoun sa yo sanblab, men pa menm, jan garanti pwosediral ki dekri nan ti livrè sila. Pou plis enfòmasyon sou lwa sa yo, kominike avèk kowòdinatè seksyon 504 disktrik lekòl ou a oubyen gade enfòmasyon yo nan [sit entènè sou dwa sivil ODE](#).

Tab dèmatyè

DEFINISYON "PARAN"	2
ENFÒMASYON JENERAL	5
PREYAVI ALEKRI	5
LANG MANMAN	6
KOURYE ELEKTWONIK	6
KONSANTMAN - DEFINISYON	7
KONSANTMAN	7
EVALYASYON AKADEMIK ENDEPANDAN	10
KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON	12
KONFIDANSYALITE	12
DEFINISYON	12
IDANTIFIKATIF PÈSONÈL	12
AVI POU PARAN	12
DWA POU GEN AKSÈ	13
AKSÈ NAN DOSYE	14
DOSYE SOU PLIS PASE YON TIMOUN	14
LIS SOU TIP E LOKALIZASYON ENFÒMASYON	14
FRÈ	14
DEMANN POU CHANJE DOSYE YO	14
OPÒTINITE E PWOSEDI POU YON CHITA TANSE SOU DOSYE AKADEMIK	15
REZILTA CHITA TANDE SOU DOSYE AKADEMIK	15
KONSANTMAN POU PATAJ ENFÒMASYON IDANTIFIKATIF PÈSONÈL	15
MEZI PWOTEKSYON	16
DESTRIKSYON ENFÒMASYON	16
REZOUZ DEZAKÒ	16
MEDYASYON	16
DIFERANS ANT CHITA TANDE SOU PWOSEDI OFISYÈL E PWOSEDI SOU PLENT DETA	17
PWOSEDI SOU PLENT DETA	18
DEPOZE YON PLENT DETA	20
DEPOZE YON DEMANN POU CHITA TANDE SOU PWOSEDI OFISYÈL	21
EGZANP FÒMILÈ	23
PLASMAN TIMOUN LAN PANDAN CHITA TANDE SOU PWOSEDI OFISYÈL LA ANNATANT	23
PWOSEDE POU YON REZOLISYON	23
CHITA TANDE SAN PATIPRI SOU PWOSEDI OFISYÈL	26
DWA POU YON CHITA TANDE	27
DESIZYON YON CHITA TANDE	27
DELÈ E FASILITE CHITA TANDE YO	28
AKSYON SIVIL, AN KONTAN DELÈ POU DEPOZE AKSYON YO	28
FRÈ AVOKA	30
PWOSEDI POU DISIPLIN TIMOUN KI GEN ANDIKAP	32

OTORITE PÈSONÈL LEKÒL.....	32
SÈVIS.....	32
DETÈMINEZON SOU MANIFESTASYON	33
CHANJMAN NAN PLASMAN POUTÈT RETRÈ DISIPLINÈ	35
DESIZYON SOU MILYE	35
APÈL	35
PLASMAN PANDAN APÈL	36
PWOTEKSYON POU TIMOUN KI PA KO ADMISIB POU EDIKASYON ESPESYAL E SÈVIS DAKONPAYMAN....	36
REFERANS NAN E AKSYON OTORITE RESPONSAB POU APLIKASYON LALWA E OTORITE LAJISTIS.....	38
KONDISYON POU PLASMAN INILATERAL PARAN FÈ POU TIMOUN NAN LEKÒL PRIVE LETA A PEYE.....	39

ENFÒMASYON JENERAL

Lwa sou edikasyon moun ki gen andikap (Individual with Disabilities Education Act, IDEA), lwa federal ki konsène edikasyon etidyan ki gen andikap, egzije pou lekòl yo founi bay paran yon timoun ki gen andikap yon avi ki gen tout eksplikasyon konplè sou garanti pwosediral ki disponib an vèti IDEA a e Règleman U.S. Department of Education. Se pou paran yo resevwa yon kopi avi sa a omwen yon fwa chak lane eskolè, e se pou paran resevwa yon kopi : (1) depi nan premye referans oubyen demann paran fè pou yon evalyasyon ; (2) depi premye plent sou edikasyon espesyal deta a resevwa an vèti 34 CFR 300.151 jouk 300.153 (OAR 581-015-2030) e depi premye demann pou chita tande sou pwosedi ofisyèl resevwa an vèti 300.507 (OAR 581-015-2345) nan yon lane eskolè ; (3) lè gen desizyon pou pran mezi disiplinè pou pitit ou ki fè gen yon chanjman nan plasman ; e (4) depi w fè demann lan.

Tout dwa ki site nan dokiman sila rapòte avèk pati B nan IDEA a. Gen nan pati B a timoun depi alaj 3 lane jouk alaj 21 lane. ODE pibliye tou avi sou garanti pwosediral pou timoun alaj nesans jouk 5 lane nan pwogram Early Intervention / Early Childhood Special Education (EI / ECSE).

Avi garanti pwosediral sa a konsène tout paran timoun ki gen andikap ki nan nenpòt lekòl chat Oregon. Dapre lwa Oregon, distrik kote lekòl chat la ye gen responsablite pou founi edikasyon espesyal.

PREYAVI ALEKRI

Avi

Distrik eskolè ou a dwe pou l ba w avi alekri (ba w sèten enfòmasyon alekri), nan yon delè rezonab anvan pou li :

1. Pwopoze pou l kòmanse chanjman oubyen chanje idantifikasyon, evalyasyon, oubyen plasman eskolè pitit ou a, oubyen founi pitit ou a yon edikasyon piblik apwopriye ki gratis (free appropriate public education, FAPE) ; oubyen
2. Refize pou l kòmanse chanjman oubyen chanje idantifikasyon, evalyasyon, oubyen plasman eskolè pitit ou a, oubyen founi pitit ou a yon FAPE.

Sa ki make nan avi a

Se pou avi alekri a :

1. Dekri yon mezi diskrik eskolè ou a pwopose oubyen refize pran ;
2. Eksplike pouki distrik eskolè ou a pwopose oubyen refize pran mezi a ;
3. Dekri chak pwosedi evalyasyon, estimasyon, dosye, oubyen rapò distrik eskolè ou a itilize pou l pwopose oubyen refize mezi a ;
4. Mete tou yon lèt ki di ou gen pwoteksyon dapre dispozisyon garanti pwosediral yo nan pati B IDEA a ;
5. Di w kijan ou ka jwenn yon kopi avi sou garanti pwosediral sila si aksyon distrik eskolè ou a pwopose oubyen refize pa yon referans inisyal pou evalasyon an ; mete tou resous ou gendwa kontakte pou jwenn èd pou konprann IDEA a ;
6. Dekri tout lòt opsyon ekip nan pwogram edikasyon endividyalize (individualized education program, IEP) pitit ou a konsidere e rezon ki fè opsyon sa yo te rejte ; **e**

7. Bay yon deskripsyon pou lòt faktè ki gen enpòtans nan sa distrik eskolè a pwopoze oubyen refize.

Avi nan yon langaj ki konpreyansib

Avi a dwe pou l :

1. Ekri nan yon langaj ki konpreyansib pou gran piblik la ; **e**
2. Founi nan lang manman w oubyen lòt kalite kominikasyon ou itilize, amwenske li pa vreman posib.

Si lang manman oubyen lòt metòd kominikasyon ou an pa yon lang ki alekri, distrik eskolè ou a dwe fè sèten :

1. Avi sila tradui aloral pou ou nan lòt mwayen pase nan lang manman w oubyen nan lòt metòd kominikasyon.
2. Ou konprann sa ki make nan avi sila ; **e**
3. Gen yon prèv alekri ki di 1 e 2 anlè a respekte.

LANG MANMAN

Lang manman, lè l itilize avèk yon moun ki pa fò nan lang anglè a, vle di :

1. Langaj ki itilize òdinèman pa moun sa a, oubyen, nan ka yon timoun, langaj paran timoun lan itilize nòmalman ;
2. Nan tout kontak dirèk avèk yon timoun (an kontan evalyasyon timoun lan), langaj timoun itilize nòmalman lakay li oubyen nan anviwònman aprantisaj li a.

Pou yon moun ki soud oubyen avèg, oubyen pou yon moun ki pa gen langaj alekri, metòd kominikasyon an se sa moun lan itilize nòmalman (tankou langaj siy, bray, oubyen kominikasyon aloral).

KOURYE ELEKTWONIK

Si distrik eskolè ou a ofri paran chwa pou yo resevwa dokiman nan imèl, ou gendwa chwazi pou w resevwa dokiman sa yo nan imèl :

1. Preyavi alekri ;
2. Avi sou garanti pwosediral sa a ; **e**
3. Avi ki konsène yon plent pwosedi ofisyèl.

KONSANTMAN – DEFINISYON


Definisyon

Konsantman vle di :

1. Ou byen enfòm nan lang manman w oubyen nan lòt metòd kominikasyon (tankou langaj siy, bray, oubyen kominikasyon aloral) sou tout enfòmasyon sou aksyon w ap bay konsantman ou an pou li.
2. Ou konprann e ou dakò alekri pou aksyon sa a, e konsantman an dekri aksyon sa a e enimerè dosye (si genyen) ki pral pataje e bay kiyès ; e
3. Ou konprann konsantman an pa obligatwa pou w bay e ou ka anile konsantman an nenpòt lè.

Revoke konsantman an - Si w vle revoke (anile) konsantman ou an apre pitit ou a kòmanse resevwa edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman, se pou w fè l alekri. Lè w kanpe konsantman ou an li pa anile yon aksyon ki te fèt apre ou te bay konsantman ou an men anvan ou te anile l. Anplis, distrik eskolè a pa gen obligasyon pou l chanje dosye akademik pitit ou a pou retire referans ki di pitit ou a te resevwa edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman apre w te anile konsantman ou an.

KONSANTMAN

 Note dispozisyon ki an rapò avèk konsantman ki site annapre a ap aplike tou pou etidyan majè e etidyan minè ki emansipe.

Konsantman pou premye evalyasyon

Distrik eskolè ou a pa ka fè yon premye avalyasyon pou pitit ou a pou l detèmine si pitit ou a elijib an vèti pati B nan IDEA a pou l resevwa edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman san w pa resevwa alavans yon avi alekri sou aksyon ki pwopoze a e l jwenn konsantman w jan sa dekri anba antèt **Avi alekri annavans** e **Konsantman**.

Diskrik eskolè ou a a dwe fè efò rezonab pou jwenn konsantman eklere ou a pou yon premye evalyasyon anvan distrik eskolè a decide si pitit ou a se yon timoun ki gen yon andikap.

Konsantman ou an pou yon premye evalyasyon pa vle di ou bay konsantman tout pou distrik eskolè a kòmanse founi bay pitit ou a edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman.

Distrik eskolè ou a gendwa pa itilize refi ou a pou konsanti pou yon sèvis oubyen aktivite ki konsène premye evalasyon an kòm fonman pou refize ba w oubyen bay pitit ou a lòt sèvis, benefis, oubyen aktivite, amwenske yon lòt kondisyon nan pati B egzije pou distrik eskolè a fè sa.

Si pitit ou a enskri nan yon lekòl leta oubyen w ap chache enskri pitit ou a nan yon lekòl leta e w refize bay konsantman oubyen w pa bay repons pou yon demann pou w bay konsantman pou yon premye evalyasyon, distrik eskolè a gendwa, men pa gen obligasyon pou l, chèche fè yon premye evalyasyon pou pitit ou a apati medyasyon IDEA oubyen plent ki relatif ak pwosedi ofisyèl, reyinyon pou jwenn rezolisyon, e pwosedi chita tandè san patipri sou pwosedi ofisyèl. Distrik eskolè ou a pa p dezobeyi obligasyon li yo pou jwenn, idantifye, e evalye pitit ou a si li pa pousuiv yon evalyasyon pitit ou a nan sikonstans sa yo.

Règleman espesyal pou premye evalyasyon etidyan nan men leta.

Si yon timoun se yon etidyan nan men leta e li pa viv avèk paran l, distrik eskolè a pa bezwen konsantman paran an pou l fè yon premye evalyasyon pou detèmine si timoun lan si yon timoun ki gen yon andikap si :

1. Malgre efò rezonab pou fè l, distrik eskolè a pa ka jwenn paran timoun lan ;
2. Dwa paran yo konfòmeman ak lwa leta a ; **oubyen**
3. Yon jij gen dwa pran desizyon sou edikasyon e sou konsantman yon premye evalyasyon pou yon lòt moun apa paran an.

Etidyan nan men leta, jan sa make nan IDEA, vle di yon timoun ki, jan leta kote timoun lan ap viv detèmine, se :

1. Yon timoun nan foster care ;
2. Konsidere pou l yon etidyan nan men leta dapre lwa leta a ; **oubyen**
3. Nan men yon òganism piblik pou pwoteksyon timoun.

Gen yon eksepsyon ou dwe konnen. *Etidyan nan men leta pa gen ladan l yon timoun nan foster care ki gen yon paran foster ki satisfè definisyon yon paran* jan li itilize nan IDEA.

Nan leta Oregon, yon etidyan ki nan men leta se yon timoun ki tanporèman oubyen definitivman nan men, oubyen ki livrez nan men, Depatman sèvis sosyal (Department of Human Services) oubyen nan men Otorite pou lajenès nan Oregon (Oregon Youth Authority) dapre desizyon tribinal pou timoun minè.

Konsantman paran pou sèvis

Distrik eskolè ou a dwe gen konsantman eklere ou a anvan l founi bay pitit ou a edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman pou premye fwa.

Distrik eskolè a dwe fè efò rezonab pou l jwenn konsantman eklere ou a anvan l founi bay pitit ou a edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman pou premye fwa.

Si w pa bay repons pou yon demann pou w bay konsantman w pou pitit ou a resevwa edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman pou premye fwa, oubyen si w refize bay konsantan sila oubyen anile konsantman ou an apre alekri, alò distrik eskolè ou a genswa pa itilize garanti pwosediral yo (sètadi : medyasyon, plent sou chita tandè sou pwosedi ofisyèl, reyinyon pou jwenn rezolisyon, oubyen yon chita tandè san patipri sou pwosedi ofisyèl) pou ka jwenn yon antant oubyen yon jijman ki di edikasyon espesyal la e sèvis dakonpayman yo (ekip IEP pitit ou a rekòmande) gendwa founi bay pitit ou a san w pa konsanti.

Si w refize bay konsantman w pou pitit ou a resevwa edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman pou premye fwa, oubyen si w pa bay repons pou yon demann pou founi konsantman sila oubyen ou anile konsantman ou an apre alekri e distrik eskolè a pa founi bay pitit ou a edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman li te mande pou w bay konsantman, alò distrik eskolè ou a :

1. Li pa yon enfraksyon nan kondisyon pou gen disponib yon edikasyon piblik apwopriye ki gratis (free appropriate public education, FAPE) pou pitit ou a poutèt li manke founi sèvis sa yo bay pitit ou a ; **e**

2. Li pa obligatwa pou gen yon randevou pou oubyen pwograme yon pwogram edikasyon endividyalize (individyalized education program, IEP) pou pitit ou a pou edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman yo kote li te mande pou w bay konsantman w.

Si w revoke (anile) konsantman ou a alekri nenpòt lè apre pitit ou a te founi an premye edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman yo, alò distrik eskolè gendwa pa kontinye founi sèvis sa yo, men dwe ba ou avi alekri annavans, jan sa dekri anba antèt **Avi alekri annavans**, anvan sèvis sa yo diskontinye.

Konsantman paran pou reyevalyasyon

Distrik eskolè ou a dwe gen konsantman eklere ou a anvan li reyevalye pitit ou a, amwenske distrik eskolè ou a ka montre :

1. Li pran mezi rezonab pou gen konsantman eklere ou a pou reyevalyasyon ; **e**
2. Ou pa bay repons.

Lalwa Oregon egzije pou gen yon konsanman eklere alekri pou tout tès sou entelijans pèsonalize oubyen pou tès sou pèsonalite ; eksepsyon nan konsantman sa pa aplike nan demann pou konsantman pou nenpòt nan evalyasyon sa yo.

Si w refize bay konsantman pou reyevalyasyon pitit ou a, distrik eskolè a gendwa, men pa oblije, fè reyevalyasyon an apati yon medyasyon, yon plent sou pwosedi ofisyèl, e yon reyinyon pou jwenn yon rezolasyon, e pwosedi yon chita tandè san patipri sou pwosedi ofisyèl pou chèche pase sou refi ou a pou konsanti pou fè reyevalyasyon pitit ou a. Kòm pou premye evalyasyon yo, distrik eskolè ou a pa fè enfraksyon obligasyon li yo an vèti pati B nan IDEA a si li refize pousuiv reyevalyasyon nan fason sa a.

Dokimantasyon sou efò rezonab pou jwenn konsantman

Lekòl ou a dwe dokimante tout lè li eseye gen konsantman w pou premye evalyasyon yo, pou founi edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman yo pou premye fwa, pou reyevalyasyon, e pou jwenn paran etidyan ki nan men leta pou fè premye evalyasyon yo. Se pou dokimantasyon sa gen yon dosye sou lè distrik eskolè a te eseye nan zòn sa yo, tankou :

1. Dosye detaye sou apèl telefonik ki te fèt oubyen ki te eseye fèt avèk rezilta apèl telefonik sa yo ;
2. Kopi lèt ki te voye bay paran yo e tout repons ki te resevwa ; **e**
3. Dosye detaye sou vizit fèt nan kay oubyen travay paran an e rezilta vizit sa yo.

Lòt kondisyon sou konsantman yo

Konsantman ou an pa obligatwa anvan distrik eskolè gendwa :

1. Revwa done ki genyen nan seksyon evalyasyon oubyen reyevalyasyon pitit ou a ;
2. Bay pitit ou a yon tès oubyen lòt evalyasyon ki te bay tout timoun, amwenske, anvan tès oubyen evalyasyon sa a, konsantman paran te obligatwa pou tout timoun ;

Si w enskri pitit ou a nan yon lekòl prive e se ou ki peye pou li oubyen si w edike pitit ou a lakay ou, e w pa bay konsantman w pou premye evalyasyon pitit ou a oubyen pou reyevalyasyon pitit ou, oubyen ou manke bay repons pou yon demann ki fèt pou w founi konsantman w, alò distrik eskolè a pa gendwa itilize pwosedi pou pase sou konsantman w (sètadi : medyasyon, chita tandè san patipri sou pwosedi ofisyèl) e pa oblije pou l konsidere pitit ou a elijib pou l resevwa sèvis ekitab (sèvis ki disponib pou kèk timoun ki gen andikap paran plase nan lekòl prive).

Konsantman pou itilizasyon benefis e asirans piblik (tankou Medicaid)

Distrik eskolè a dwe pou l devlope e aplike pwosedi pou asire lè ou refize bay konsantman w pou nenpòt nan lòt sevis e aktivite sa pa p fè gen yon mank pou founi pitit ou a yon edikasyon piblik apwopriye e gratis (free appropriate public education, FAPE). Epitou, distrik eskolè ou a pa gendwa itilize refi ou a pou konsanti pou youn nan sèvis oubyen aktivite sa yo kòm fonman pou refize yon lòt sèvis, benefis, oubyen aktivite, amwenske yon lòt kondisyon nan pati B egzije pou distrik eskolè a fè sa.

Ou gendwa revoke konsantman ou an nenpòt lè depi w avize distrik eskolè a alekri. Si w revoke konsantman ou an, pitit ou a ap toujou resevwa edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman nesèsè pou founi yon FAPE.

EVALYASYON AKADEMIK ENDEPANDAN

Jeneral

Jan li dekri annapre a, ou gen dwa gen yon evalyasyon akademik endepandan (independent educational evaluation, IEE) pou pitit ou a si w pa dakò avèk evalyasyon distrik eskolè ou a fè pou pitit ou a.

Si w mande pou yon IEE, distrik eskolè a dwe pou l founi ba ou enfòmasyon sou ki kote ou gendwa jwenn yon IEE e sou kritè distrik eskolè a ki aplike sou evalyasyon akademik endepandan.

Definisyon

Evalyasyon akademik endepandan vle di yon evalyasyon yon egzaminatè kalifye fè e kote egzaminatè kalifye sa a pa travay pou distrik eskolè ki responsab pou edikasyon pitit ou a.

Frè piblik vle di distrik eskolè a ki swa peye pou tout frè evalyasyon an oswa asire evalyasyon an founi san w pa peye pou li, konfòmman ak pwovizyon pati B IDEA a, ki pèmèt chak leta itilize kèlkeswa ki sous soutyen leta, lokal, federal, e prive disponib nan leta a pou satisfè kondisyon pati B lwa a.

Dwa pou fè evalyasyon nan frè leta

Ou gen dwa pou gen yon evalyasyon edikatif endepandan pou pitit ou a leta a peye si w pa dakò avèk yon evalyasyon distrik eskolè te fè pou pitit ou a, sou rezèv kondisyon sa yo :

1. Si w mande pou yon evalyasyon akademik endepandan pou pitit ou a kote se leta a k ap peye pou sa, distrik eskolè ou a dwe pou l, san delè initik, swa : (a) Depoze yon plent chita tandè sou pwosedi òdinè pou montre evalyasyon li pou pitit ou a apwopriye ; oubyen (b) Founi yon evalyasyon edikatif endepandan kote se leta a ki peye pou sa, amwenske distrik eskolè a montre nan yon chita tandè evalyasyon pitit ou a ou genyen an pa satisfè kritè distrik eskolè a.
2. Si distrik eskolè ou a mande pou gen yon chita tandè e desizyon final la di evalasyon distrik eskolè a fè pou pitit ou a se yon evalyasyon ki apwopriye, alò ou toujou gen dwa pou gen yon evalyasyon edikatif endepandan, men se pa leta k ap peye pou li.
3. Si w mande pou yon evalyasyon edikatif endepandan pou pitit ou a, distrik eskolè a gendwa mande pouki ou pa aksepte evalyasyon distrik eskolè a te fè pou pitit ou a. Toutfwa, distrik eskolè ou a gendwa pa egzije pou gen yon eksplikasyon e gendwa pa

bay reta ki pa rezonab swa nan founi yon evalyasyon edikatif endepandan leta peye pou pitit ou a oswa depoze yon plent pou yon pwosedi ofisyèl pou defann evalasyon distrik eskolè a fè pou pitit ou a.

Ou inikman gen dwa yon evalyasyon edikatif endepandan leta a peye pou pitit ou a chak lè distrik eskolè a fè yon evalyasyon pou pitit ou a ou pa dakò ak li.

Evalyasyon paran mande pou fè

Si w jwenn yon evalyasyon edikatif endepandan pou pitit ou a leta a peye oubyen ou pataje avèk distrik eskolè a yon evalyasyon pitit ou a lè peye an prive :

1. Distrik eskolè ou a dwe pou l konsidere rezilta evalyasyon pitit ou a, si li satisfè kritè distrik eskolè a pou evalyasyon edikatif endepandan nan tout dezisyon ki fè dapre pwovizyon yon edikasyon piblik apwopriye ki gratis (free appropriate public education, FAPE) pou pitit ou a ; e
2. Oumenm e distrik eskolè ou a gendwa prezante evalyasyon an kòm prèv nan yon chita tande sou pwosedi ofisyèl ki konsène pitit ou a.

Demann pou evalyasyon pa ajan chita tande

Si yon ajan chita tande a mande pou yon evalyasyon edikatif endepandan pou pitit ou a nan kad yon chita tande sou pwosedi ofisyèl, leta a dwe peye pou frè evalyasyon an.

Kritè distrik eskolè a

Si se leta ki pou peye pou yon evalyasyon akademik endepandan, kritè nan kad evalyasyon an fèt, an kontan lokal evalyasyon an e kalifikasyon egzaminatè a, dwe menm avèk kritè distrik eskolè a itilize lè li antreprann yon evalyasyon (nan mezi kote kritè sa yo konfòm ak dwa ou yo pou yon evalyasyon akademik endepandan).

Eksepte pou kritè ki dekri anvan an, yon distrik eskolè gendwa pa enpoze kondisyon oubyen delè ki konsène gen yon evalyasyon akademik endepandan leta a peye.

KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON

KONFIDANSYALITE DEFINISYON

Jan li itilize anba antèt **Konfidansyalite enfòmasyon yo** :

- *Destriksyon* vle di detri oubyen retire idantifikatif pèsonèl nan enfòmasyon yo pou enfòmasyon an pa yon idantifikatif pèsonèl ankò.
- *Dosye akademik* vle di tip dosye kouvri nan definisyon “dosye akademik” nan 34 CFR Part 99 (règleman pou aplikasyon Family Educational Rights and Privacy Act of 1974, 20 U.S.C. § 1232g (FERPA)) e OAR 581-015-2300.
- *Òganism k ap patisipe* vle di yon distrik eskolè, òganism oubyen etablisman ki kolekte, konsève, oubyen itilize enfòmasyon idantifikatif pèsonèl, oubyen kote enfòmasyon soti, an vèti pati B nan IDEA.

IDANTIFIKATIF PÈSONÈL

Idantifikatif pèsonèl vle di enfòmasyon ki gendwa se :

- (a) Non pitit ou a, non w antanke paran, oubyen non yon lòt fanmi ;
- (b) Adrès pitit ou a ;
- (c) Yon idantifikatif pèsonèl, tankou nimewo sekirite sosyal, nimewo etidyan, oubyen nimewo byometrik pitit ou a ;
- (d) Lòt idantifikatif endirèk, tankou dat nesans e kote timoun lan fè, e non jènfi manman an ;
- (e) Lòt enfòmasyon ki pou kont yo oubyen ansanm ak youn ak lòt konekte oubyen kapab konekte avèk yon timoun an patikilye ki ta pèmèt yon moun rezonab nan kominote lekòl la, ki pa gen okenn konesans pèsonèl ou sikonstans enpòtan yo, idantifye yon timoun avèk yon sètitud rezonab ; oubyen
- (f) Lòt enfòmasyon yon moun mande kote distrik eskolè a kwè moun sa konnen idantite timoun ki nan dosye akademik la.

AVI POU PARAN

SEA dwe bay yon avi ki sifi pou byen enfòme paran yo sou konfidansyalite enfòmasyon ki idantifikatif pèsonèl ki gendwa idantifye yo, an kontan :

1. Yon deskripsyon sou mezi avi a ekri nan lang manman diferan gwoup nan popilasyon eta a ;
2. Yon deskripsyon sou timoun yo kote enfòmasyon ki idantifikatif pèsonèl konsève, tip enfòmasyon ki rapousuiv, metòd leta a gen lentansyon itilize pou ranmase enfòmasyon yo (an kontan sous nan men enfòmasyon yo rekeyi), e itilizasyon ki pou fèt avèk enfòmasyon yo ;
3. Yon rezime sou politik e pwosedi òganism k ap patisipe yo dwe suiv sou sa ki konsène stokaj, pataj bay tyè, konsèvasyon e destriksyon enfòmasyon ki idantifikatif pèsonèl ; e
4. Yon deskripsyon tout dwa paran e timoun genyen sou sa ki konsène enfòmasyon sa yo, an kontan dwa an vèti Lwa sou enfòmasyon prive e dwa sou edikasyon familyal (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) e règleman sou aplikasyon li yo nan 34 CFR pati 99.

Anvan tout gwo aktivite pou idantifye, lokalize, oubyen evalye timoun ki nan bezwen edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman (ki rele tou "rechèch timoun"), avi a dwe pou l pibliye oubyen anonse nan journal oubyen lòt medya, oubyen nan toude, avèk yon sikilasyon ki ase pou enfòmè paran yo nan tout leta a sou aktivite sa yo.

DWA POU GEN AKSÈ

Òganism k ap patisipe yo 3 dwe pèmèt ou wè e revwa tout dosye akademik ki konsène pitit ou a e ki kolekte, konsève, oubyen itilize nan distrik eskolè ou a an vèti pati B nan IDEA. Òganism k ap patisipe a dwe respekte demann ou fè a pou wè e revwa tout dosye akademik sou pitit ou a san okenn reta initil e anvan tout reyinyon ki konsène yon pwogram edikasyon endividyalize (individualized education program, IEP), oubyen tout chita tandè san patipri sou pwosedi ofisyèl (an kontan yon reyinyon pou jwenn rezolisyon oubyen yon chita tandè ki konsène disiplin), e pa plis pase 45 jou sivil apre w fè yon demann.

Dwa ou genyen pou wè e revwa dosye akademik gen nan yo :

1. Dwa ou gen pou w resevwa repons distrik òganism k ap patisipe a pou demann rezonab ou fè pou eksplikasyon e entèpretasyon dosye yo ;
2. Dwa ou genyen pou mande pou òganism k ap patisipe yo founi kopi dosye yo si w pa ka byen wè e revwa yo amwenske ou te resevwa kopi sa yo ; e
3. Dwa ou genyen pou reprezantan ou a wè e revwa dosye yo.

Òganism k ap patisipe vle di yon distrik eskolè, òganism oubyen etablisman ki kolekte, konsève, oubyen itilize enfòmasyon idantifikatif pèsònèl, oubyen kote enfòmasyon soti, an vèti pati B nan IDEA. Etandone dokiman sa a konsantre sou patisipasyon paran an avèk yon distrik eskolè lokal, "distrik eskolè" itilize olye yon tèms pi laj, "òganism k ap patisipe", men règ sou dokiman konsène yo nan pati sa a aplike sou tout òganism k ap patisipe yo.

Òganism k ap patisipe a gendwa prezime ou gen potrizasyon pou w wè e revwa dosye ki konsène pitit ou a amswenke òganism lan te avize ou pa gen otorizasyon pou fè sa an vèti lwa eta aplikab la ki reji sou kesyon tankou titèl, separasyon, e divòs.

AKSÈ NAN DOSYE

Chak òganism k ap patisipe dwe kenbe yon dosye sou pati ki gen aksè nan dosye akademik ki kolekte, konsève, oubyen itilize an vèti Pati B nan IDEA a (eksepte aksè paran yo e anplwaye otorize nan òganism k ap patisipe a), an kontan non pati a, dat yo te gen aksè, e rezon pati a otorize pou l itilize dosye yo.

DOSYE SOU PLIS PASE YON TIMOUN

Si yon dosye akademik gen enfòmasyon sou plis pase yon timoun, paran timoun sa yo gen dwa pou yo wè e revwa sèl enfòmasyon ki konsène pitit pa yo a oubyen resevwa enfòmasyon presi sa a.

LIS TIP E LOKALIZASYON ENFÒMASYON

Depi demann lan fèt, òganism k ap patisipe a dwe pou l ba w yon lis sou tip e anplasman dosye akademik òganism lan kolekte, konsève, oubyen itilize.

FRÈ

Chak òganism k ap patisipe gendwa egzije peman frè pou kopi dokiman ki fèt pou ou an vèti pati B nan IDEA a, si frè a pa anpeche w byen egzèse dwa ou genyen pou w wè e revwa dokiman sa yo.

Yon òganism k ap patisipe gendwa pa mande pou peye frè pou fè rechèch oubyen ekstrè enfòmasyon sa yo an vèti pati B nan IDEA a.

DEMANN POU CHANJE DOSYE YO

Si w kwè enfòmasyon ki nan dosye akademik sou pitit a ki kolekte, konsève, oubyen itilize an vèti pati B nan IDEA a enkòrèk, to, oubyen vyole vi prive oubyen lòt dwa pitit ou a genyen, alò ou gendwa mande pou òganism k ap patisipe e konsève enfòmasyon yo pou chanje enfòmasyon yo.

Òganism k ap patisipe a dwe pou l decide si chanjman nan enfòmasyon yo fèt konfòmman ak demann ou fè a e nan yon delè rezonab apre demann ou an resevwa.

Si òganism k ap patisipe a decide pa modifye dosye a jan w mande pou sa fèt, li gen pou l enfòme w sou desizyon sa a e enfòme w sou dwa ou gen pou yon chita tande jan sa dekri anba antèt ***Opòtinite pou yon chita tande.***

OPÒTINITE POU YON CHITA TANDE

Òganism k ap patisipe a dwe, depi demann lan fèt, ba w yon opòtinite pou yon chita tandè pou konteste enfòmasyon ki nan dosye akademik ki konsène pitit ou a poutèt yo pa kòrèk, twonpè, oubyen fè enfraksyon vi prive oubyen lòt dwa pitit ou a genyen.

PWOSEDI YON CHITA TANDE

Yon chita tandè pou konteste enfòmasyon ki nan dosye akademik dwe fèt konfòmman ak pwosedi chita tandè sa yo an vèti lalwa sou dwa sou edikasyon e pwoteksyon lavi prive fanmi yo (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA).

REZILTA YON CHITA TANDE

Si, alasuit chita tandè a, òganism k ap patisipe a deside enfòmasyon yo pa kòrèk, twonpè, oubyen fè enfraksyon lwa sou vi prive ak lòt dwa pitit ou a gen, an konsekans òganism lan gen pou l chanje enfòmasyon yo e enfòmè w alekri sou sa.

Si, alasuit chita tandè a, òganism k ap patisipe a deside enfòmasyon yo kòrèk, pa twonpè, oubyen pa fè enfraksyon lwa sou vi prive e lòt dwa pitit ou a genyen, òganism lan gen pou l enfòmè w sou dwa ou genyen pou w mete, nan dosye yo konsève sou pitit ou a, yon deklarasyon ki kòmante sou enfòmasyon oubyen founi tout rezon ki fè ou pa dakò avèk desizyon òganism k ap patisipe a.

Se pou eksplikasyon sa ki mete nan dosye pitit ou a :

1. Konsève pa òganism k ap patisipe a nan kad dosye pitit ou a, depi dosye a oubyen seksyon ki konteste a konsève pa òganism k ap patisipe a ; **e**
2. Si òganism k ap patisipe a pataje swa dosye pitit ou a oswa enfòmasyon ki konteste a bay yon pati, se pou eksplikasyon an pataje tou avèk pati sa a.

KONSANTMAN POU PATAJ ENFÒMASYON IDANTIFIKATIF PÈSONÈL

Amwenske enfòmasyon yo pa nan dosye akademik yo e pataj la pa otorize san konsantman paran an vèti lwa sou dwa familyal sou edikasyon e pwoteksyon enfòmasyon pèsonèl (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA), konsantman w dwe resevwa anvan enfòmasyon idantifikatif pèsonèl pataje bay pati ki pa reprezantan òganism k ap patisipe yo. Sof nan sikonstans ki deziye annapre a, konsantman w pa nesesè anvan enfòmasyon idantifikatif pèsonèl pataje bay responsab òganism k ap patisipe yo pou kesyon satisfè yon kondisyon nan pati B nan IDEA.

Konsantman ou an, oubyen konsantman yon timoun admisib ki dapre lalwa majè, dwe resevwa anvan enfòmasyon idantifikatif pèsonèl pataje bay reprezantan òganism k ap patisipe yo k ap founi oubyen k ap peye pou sèvis tranzisyon.

Si pitit ou a swa nan oswa prale nan yon lekòl prive ki pa nan menm distrik eskolè kote w ap viv la, se pou gen konsantman w anvan tout enfòmasyon idantifikatif pèsonèl pitit ou a pataje ant reprezantan distrik eskolè a kote lekòl prive a ye ak reprezantan nan distrik eskolè kote lekòl kote w ap viv la.

MEZI PWOTEKSYON

Chak òganism k ap patisipe dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsònèl idantifikatif nan etap kolekte, stokaj, pataj, e destriksyon.

Yon reprezantan chak òganism k ap patisipe dwe aksepte responsablite pou asire konfidansyalite tout enfòmasyon pèsònèl idantifikatif pèsònèl.

Tout moun ki kolekte oubyen itilize enfòmasyon idantifikatif pèsònèl fèt pou yo resevwa fòmasyon oubyen enstriksyon sou sa ki konsène politik e pwosedi eta kote w ap viv la sou sa ki konsène konfidansyalite an vèti pati B nan IDEA e Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA).

Chak òganism k ap patisipe dwe pou yon konsève, pou piblik la kapab wè, yon lis ajou sou non e pozisyon anplwaye sa yo nan òganism lan e ki gendwa gen aksè nan enfòmasyon idantifikatif pèsònèl.

DESTRIKSYON ENFÒMASYON

Distrik eskolè ou a dwe enfòmasyon w lè enfòmasyon idantifikatif pèsònèl ki kolekte, konsève, oubyen itilize an vèti pati B nan IDEA pa nesesè ankò pou founi sèvis edikatif bay pitit ou a.

Se pou enfòmasyon yo detri depi w fè demann pou sa. Sepandan, yon rejis pèmanan sou non, adrès, e nimewo telefòn pitit ou a e sou mwayèn li, prezans li, klas li yo, dènye gred li fè, e nan ki ane li fè dènye klas li a gendwa konsève san okenn limit sou kantite tan. Ou gen dwa mande distrik eskolè pou l detri enfòmasyon edikatif pitit ou a lè li pa nesesè ankò.

REZOUZ DEZAKÒ

MEDYASYON

Jeneral

Medyasyon disponib nan ODE pou pèmèt, ni oumenm ni distrik eskolè a, rezoud dezakò ki konsène yon kesyon an vèti pati B nan IDEA a, an kontan kesyon ki poze anvan depo yon plent pou yon pwosedi òdinè. Konsa, medyasyon disponib pou rezoud dispit an vèti pati B IDEA, kèlkeswa si w depoze oubyen pa depoze yon plent pou yon pwosedi òdinè pou fè demann lan pou yon chita tandè sou pwosedi ofisyèl, jan li dekri anba antèt ***Depoze yon plent sou pwosedi ofisyèl*** oubyen depoze yon plent an matyè edikasyon espesyal

Kondisyon

Pwosedi yo dwe asire pwosesis medyasyon an :

1. Volontè sou bò pa w e sou bò distrik eskolè a ;
2. Pa gendwa itilize pou refize oubyen retade dwa ou genyen pou yon chita tandè sou pwosedi ofisyèl, oubyen pou refize tout lòt dwa ki prevwa an vèti pati B nan IDEA a ; **e**

3. Fèt pa yon medyatè kalifye e san patipri ki fòm nan teknik pou medyasyon efikas.

Se pou eta a mete ajou yon lis moun ki kalifye kòm medyatè e konnen lwa e règleman ki konsène pwovizyon edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman yo. Eta a dwe chwazi medyatè yo pa aza, nan woulman, oubyen dapre yon lòt fonman san patipri.

Eta a responsab pou frè pwosesis medyasyon an, an kontan frè pou reyinyon yo.

Chak reyinyon nan pwosesis medyasyon an dwe pwograme nan yon moman opòten e fèt yon kote ki konvni ni oumenm ni distrik eskolè a.

Si oumenm e distrik eskolè a rezoud yon zafè atravè pwosesis medyasyon an, toude pati yo dwe gen yon antant jidisyè obligatwa ki etabli règleman an e :

1. Di tout diskisyon ki te fèt nan pwosesis medyasyon an ap konfidansyèl e pa gendwa sèvi kòm prèv nan tout lòt chita tande ilterye sou pwosedi ofisyèl oubyen pwosedi sivil (zafè jidisyèl) ; **e**
2. Avèk siyati w e yon reprezantan distrik eskolè ki gen otorizasyon pou oblije distrik eskolè a.

Yon antant nan medyasyon ki siyen e egzekite devan yon tribinal eta a ki konpetan (yon tribinal ki an vèti lwa eta a gen otorite pou l tande kalite zafè sa a) oubyen devan yon tribinal distrik nan Etazini Damerik.

Diskisyon ki fèt pandan pwosesis medyasyon an dwe konfidansyèl. Yo pa ka itilize kòm prèv nan chita tande pi devan sou pwosedi ofisyèl oubyen pwosedi sivil yon tribinal federal oubyen yon tribinal leta k ap resevwa yon èd an vèti pati B nan IDEA a.

Medyatè san patipri

Medyatè a :

1. Pa gendwa yon anlwaye SEA oubyen anlwaye distrik eskolè a ki patisipe nan edikasyon oubyen swen pitit ou a ; **e**
2. Pa dwe gen yon enterè pèsònèl oubyen pwofesyonèl nan konfli avèk objektivite medyatè a.

Yon moun ki otreman kalifye kòm medyatè pa anlwaye yon distrik eskolè oubyen òganism leta sèlman poutèt li resevwa peman nan men òganism lan pou sèvi kòm yon medyatè.

PWOSEDI POU PLENT ETA A

DIFERANS ANT CHITA TANDE SOU PWOSEDI OFISYÈL E PWOSEDI SOU PLENT DETA

Règleman pou pati B nan IDEA tabli pwosedi apa pou plent eta yo e pou plent e chita tande sou pwosedi ofisyèl. Jan li eksplike annapre a, tout moun oubyen òganizasyon gendwa depoze yon plent ki akize yon enfraksyon nenpòt nan kondisyon pati B yon distrik eskolè, SEA a, oubyen tout lòt òganism piblik fè. Sèl oumenm oubyen yon distrik eskolè gendwa depoze yon plent sou pwosedi ofisyèl sou tout kesyon ki konsène yon pwopozisyon oubyen yon refi pou kòmanse oubyen chanje idantifikasyon an, evalyasyon oubyen plasman edikatif yon timoun ki gen yon andikap, oubyen pwovizyon yon edikasyon piblik apwopriye e gratis (free appropriate public education, FAPE) pou timoun lan.

Byenke pèsonèl SEA a dwe rezoud an jeneral yon plent eta a nan yon delè 60 jou sivil, amwenske delè a pwolonje korèkteman, yon ajan chita tandè san patipri (ki rele yon jij pou dwa administratif, ouyen ALJ) dwe pou l tandè yon plent sou pwosedi ofisyèl (si li pa rezoud nan yon reyinyon pou jwenn rezolisyon oubyen nan medyasyon) e emèt yon desizyon alekri sou 45 jou sivil apre fen peryòd rezolisyon an, jan li dekri nan dokiman sila anba antèt Pwosesis pou yon rezolisyon, amwenske ajan chita tandè a akòde yon pwolongasyon presi sou delè ou mande a oubyen sou demann ou fè bay distrik eskolè a.

Plent eta a e plent sou pwosedi regilye a, pwosedi pou rezolisyon e chita tandè dekri avèk plis detay annapre a. SEA a dwe devlope egzanp fòmilè pou ede w depoze yon plent nan pwosedi regilye e ede oumenm oubyen lòt pati yo depoze yon plent eta jan li dekri anba antèt ***Egzanp fòmilè yo***

ADOPSYON PWOSEDI POU PLENT DETA

Jeneral

Chak SEA dwen gen pwosedi alekri pou :

1. Regle tout plent sou edikasyon espesyal, an kontan plent ki yon òganizasyon oubyen yon moun nan yon lòt eta depoze ; e
2. Depoze yon plent avèk SEA a.
3. Difize lajman pwosedi eta a sou plent bay paran e lòt pèsonaj ki enterese, an kontan sant pou fòmasyon e enfòmasyon pou paran, òganism pou pwoteksyon e defans, sant pou lavi otonòm, e lòt antite apwopriye.

Rekou sizoka gen refi pou sèvis apwopriye

Pou regle plent yon eta kote SEA a remake yon defo pou founi sèvis apwopriye yo, SEA a dwe okipe :

1. Mank pou founi sèvis apwopriye, an kontan mezi korektif apwopriye pou okipe bezwen timoun lan (tèlke sèvis konpansatwa oubyen yon ranbousman monetè) ; e
2. Prestasyon pi devan apwopriye pou sèvis pou tout timoun ki gen andikap.

PWOSEDI MINIMAL POU PLENT DETA

Limit tan, pwosedi minimal

Chak SEA dwe gen nan pwosedi sou plent eta a yon delè sou 60 jou sivil apre yon plent depoze pou :

1. Fè yon ankèt endepandan siplas, si SEA a detèmine li nesèsè pou gen yon ankèt ;
2. Bay moun k ap pote plent lan chans pou l founi enfòmasyon siplemantè, swa aloral oswa alekri, sou akizasyon ki nan plent lan ;
3. Founi bay distrik eskolè a oubyen lòt òganism piblik opòtinite pou l bay repons pou plent lan, an kontan, omwen : (a) nan chwa òganism lan, yon pwopozisyon pou rezoud plent lan ; e (b) opòtinite pou yon paran ki depoze yon plent e òganism lan dakò pou patisipe nan medyasyon an ;

4. Revwa tout enfòmasyon enpòtan e fè yon detèminezon endepandan si distrik eskolè oubyen lòt òganism piblik fè enfraksyon yon kondisyon nan pati B nan IDEA ; e
5. Bay moun ki depoze plent lan yon desizyon alekri ki trete chak akizasyon nan plent lan avèk (a) konstatayon karakteristik yo e konklizyon ; e (b) rezon pou desizyon final SEA.

Pwolongasyon delè a ; desizyon final la ; enplemantasyon

Pwosedi òganism edikatif eta a ki dekri anvan an dwe :

1. Pèmèt yon pwolongasyon delè 60 jou sivil la sèlman si : (a) gen sikonstans eksepsyonèl alega yon plent an patikilye sou yon eta ; oubyen (b) oumenm e distrik eskolè a oubyen lòt òganism piblik ki konsène dakò volontèman pou pwolonje delè a pou rezoud kesyon an nan swa nan medyasyon oubyen rezolisyon lokal.
2. Gen pwosesis pou enplemantasyon efikas pou desizyon final SEA, si nesèsè, an kontan : (a) aktivite pou asistans teknik ; (b) negosyasyon ; e (c) mezi korektif pou asire konfòmite.

Plent deta e chita tande sou pwosedi ofisyèl.

Si yon plent alekri eta a resevwa ki se tou sijè yon chita tande sou pwosedi ofisyèl jan li dekri anba antèt ***Depoze yon plent sou pwosedi ofisyèl***, oubyen plent eta a gen plizyè pwoblèm kote youn oubyen plis fè pati yon chita tande konsa, alò eta a gen pou mete sou kote tout seksyon plent lan ki trete nan chita tande sou pwosedi ofisyèl la jouk tan chita tande a fini. Nenpòt pwoblèm nan plent eta pa yon pati nan chita tande sou pwosedi ofisyèl la dwe pou rezoud apati delè e pwosedi dekri anvan an.

Si gen yon kesyon nan yon plent eta a ki te gen tan gen desizyon sou li nan yon chita tande sou pwosedi ofisyèl (pa egzanp : oumenm e distrik eskolè a), alò dezizyon chita tande sou pwosedi ofisyèl la final sou kesyon sa a e SEA gen pou l di moun ki pote plent lan desizyon an se yon desizyon final.

Yon plent ki akize yon distrik eskolè oubyen lòt òganism piblik manke aplike desizyon yon chita tande sou pwosedi ofisyèl gen pou l rezoud nan men SEA.

DEPOZE YON PLENT DETA

Yon òganism oubyen yon pèsonaj gendwa depoze yon plent deta alekri ki siyen nan pwosedi ki dekri anvan la.

Plent deta a dwe gen ladan l :

1. Yon deklarasyon ki di distrik eskolè a oubyen lòt òganism piblik fè enfraksyon yon kondisyon nan pati B nan IDEA oubyen règleman sou aplikasyon li yo nan 34 CFR pati 300 ;
2. Karakteristik kote deklarasyon an baze ;
3. Siyati e kowòdone pou pati k ap depoze plent lan ; e
4. Si gen akizasyon sou enfraksyon ki konsène yon timoun an patikilyè :
 - (a) Kijan timoun lan rele e adrès kote timoun lan ap viv ;
 - (b) Non lekòl kote timoun lan ye ;
 - (c) Si timoun lan oubyen jèn moun lan sanzabri, kowòdone ki disponib pou timoun lan, e non lekòl kote timoun lan ye ;
 - (d) Yon deskripsyon sou pwoblèm timoun lan, an kontan karakteristik pwoblèm lan ; **e**
 - (e) Yon pwopozisyon sou rezolisyon pwoblèm lan nan mezi li rekonèt e disponib pou pati ki depoze plent lan nan momen plent lan depoze.

Plent lan dwe akize yon enfraksyon ki fèt pa plis pase yon douz mwa anvan dat plent lan resevwa jan li dekri anba antèt ***Adopsyon pwosedi pou plent deta.***

Pati k ap depoze plent sou eta a dwe founi yon kopi plent lan bay distrik eskolè a oubyen lòt òganism piblik la k ap sèvi timoun lan e nan menm lè pati a depoze plent lan avèk SEA.

PWOSEDI POU PLENT SOU PWOSEDI OFISYÈL

DEPOZE YON DEMANN POU CHITA TANDE SOU YON PWOSEDI OFISYÈL

Jeneral

Oumenm oubyen distrik eskolè a gendwa fè demann lan pou yon chita tandè sou pwosedè ofisyèl sou yon kesyon ki konsène yon pwopozisyon oubyen yon refi pou kòmanse oubyen chanje yon idantifikasyon, evalyasyon oubyen plasman edikatif pitit ou a, oubyen pwovizyon yon edikasyon piblik apwopriye e gratis (free appropriate public education, FAPE) pou pitit ou a.

Plent ki sou pwosedè ofisyèl la dwe gen akizasyon sou yon enfraksyon ki rive pa plis pase 24 mwa anvan oumenm oswa distrik eskolè te konnen oubyen ta sipoze konnen aksyon ki akize ki fòme fonman plent sou pwosedè ofisyèl la.

Delè anvan pa aplike sou oumenm si w pa t ka depoze yon demann pou yon chita tandè sou pwosedè ofisyèl nan delè a poutèt :

1. Distrik eskolè fè move deklarasyon ekspres nan di li te rezoud pwoblèm ki te idantifye nan plent lan ; **oubyen**
2. Distrik eskolè a kache enfòmasyon li te sipoze ba w an vèti pati B nan IDEA a.

Enfòmasyon pou paran yo

ODE pral enfòme w sou tout sèvis jidisyèl gratis oubyen bon mache ansanm ak lòt sèvis aplikab ki disponib nan zòn lan si w mande pou enfòmasyon an. Distrik eskolè a gen pou l founi enfòmasyon sa a si w fè demann pou li oubyen oumenm oubyen distrik eskolè a depoze yon plent pou aplikasyon òdinè lalwa.

PLENT SOU PWOSEDI OFISYÈL

Jeneral

Pou fè demann lan pou yon chita tandè, oumenm oubyen distrik eskolè a (oubyen avoka w la oubyen avoka distrik eskolè a) gen pou founi bay lòt pati a yon demann pou yon chita tandè sou pwosedè ofisyèl. Se pou demann pou chita tandè a gen tout kontni ki make annapre a e se pou l rete konfidansyèl.

Tout moun ki depoze plent lan dwe founi SEA a tou yon kopi demann pou chita tandè a.

Kontni demann pou chita tandè a

Se pou demann pou chita tandè sou pwosedè ofisyèl la gen :

1. Kijan timoun lan rele ;
2. Adrès kote timoun lan ap viv ;
3. Non lekòl timoun lan ;
4. Si timoun lan sanzabri, kowòdone timoun lan e non lekòl timoun lan ;

5. Yon deskripsyon sou kalite pwoblèm timoun lan ki konsène aksyon ki pwopoze oubyen refize a, an kontan karakteristik sou pwoblèm lan ; **e**
6. Yon pwopozisyon sou rezolisyon pwoblèm lan nan mezi li rekonèt e disponib pou pati k ap pote plent lan (oumenm oubyen distrik eskolè a) nan lè a.

Oumenm oubyen distrik eskolè a gendwa pa gen yon chita tande sou pwosedi ofisyèl jouktan oumenm oubyen distrik eskolè a (oubyen avoka w la oubyen avoka distrik eskolè a) depoze yon demann pou chita tande sou pwosedi ofisyèl gen tout enfòmasyon ki make anvan.

Bon valè demann pou chita tande a

Pou yon demann pou chita tande sou pwosedi ofisyèl, se pou konsidere li kont. Demann pou chita tande a ap konsidere pou l kont (pou respè kondisyon ki make anvan yo) amwenske pati k ap resevwa demann pou chita tande a (oumenm oubyen distrik eskolè a) avèti alekri ajan chita tande a e lòt pati sou 15 jou sivil apre plent lan resevwa, ke pati destinatè a kwè demann pou chita tande a pa satisfè kondisyon ki make anvan.

Nan senk jou sivil apre avi a resevwa tou depann ki pati resevwa l (oumenm oubyen distrik eskolè a) konsidere yon plent sou pwosedi ofisyèl la pa kont, ajan chita tande a dwe deside si plent lan satisfè kondisyon ki make anvan yo, e avèti alekri tousuit ni oumenm ni distrik eskolè a.

Chanjman nan demann pou chita tande a

Oumenm oubyen distrik eskolè a gendwa fè chanjman nan demann pou chita tande a sèlman si :

1. Lòt pati a otorize alekri chanjman yo e gen chans pou l rezoud pwosesis chita tande a nan yon reyinyon pou jwenn rezolisyon, jan li dekri anba antèt ***Pwosesis pou yon rezolisyon*** ; oubyen
2. Pa pli ta pase senk jou anvan chita tande sou pwosedi ofisyèl la kòmanse, ajan chita tande a bay pèmisyon pou chanjman lan fèt.

Si pati k ap pote plent lan (oumenm oubyen distrik eskolè a) fè chanjman nan demann pou chita tande a, delè pou reyinyon pou jwenn rezolisyon an (nan 15 jou sivil apre demann pou chita tande a resevwa) e delè pou rezolisyon an (nan 30 jou sivil apre demann pou chita tande a resevwa) kòmanse ankò nan dat plent ki chanje a depoze.

Repons distrik eskolè pou yon plent sou pwosedi ofisyèl

Si distrik eskolè pa t voye yon preyavi alekri ba ou, jan li dekri anba antèt ***Preyavi alekri***, sou sa ki konsène sijè ki make nan plent sou pwosedi ofisyèl la, distrik eskolè a gen, sou 10 jou suivi apre demann pou chita tande sou pwosedi ofisyèl la resevwa, voye ba w yon repons ki gen ladan l :

1. Yon eksplikasyon sou rezon ki fè distrik eskolè a pwopoze oubyen refize pran mezi ki make nan plent ki konsène pwosedi ofisyèl la ;
2. Yon deskripsyon sou lòt opsyon ekip nan pwogram edikatif endividyalize (individualized education program, IEP) pitit ou a konsidere e rezon ki fè opsyon sa yo te rejte ;
3. A Yon deskripsyon sou chak pwosedi evalyasyon, chak evalyasyon, chak dosye oubyen chak rapò distrik eskolè a itilize kòm fonman pou mezi ki pwopoze oubyen refize a ; **e**

4. Yon deskripsyon sou lòt faktè ki gen enpòtans nan mezi distrik eskolè a pwopozè oubyen refize.

Founi enfòmasyon nan atik 1-4 anvan yo pa anpeche distrik eskolè di demann ou fè a pou yon chita tande sou pwosedi ofisyèl la pa t kont.

Repons lòt pati pou yon plent sou pwosedi ofisyèl

Eksepte sa ki make anba sou-antèt tousuit anvan an, **Repons distrik eskolè a pou yon plent sou pwosedi ofisyèl**, pati k ap resevwa yon demann pou chita tande sou pwosedi ofisyèl dwe, sou 10 jou sivil apre demann pou chita tande a resevwa, voye bay lòt pati a yon repons ki trete prezizeman pwoblèm ki nan demann pou chita tande a.

EGZANP FÒMILÈ

SEA a dwe devlope yon egzanp fòmilè pou ede w depoze yon demann pou yon chita tande sou pwosedi ofisyèl e ede ni oumenm ni lòt pati yo depoze yon plent deta. Sepandan, eta kote w ap viv la oubyen distrik eskolè a gendwa pa egzije itilizasyon egzanp fòmilè sa yo. Anfèt, ou ka itilize egzanp fòmilè eta a oubyen lòt fòmilè apwopriye, depi li gen enfòmasyon ki nesèsè pou depoze yon plent sou demann pou yon chita tande sou pwosedi ofisyèl oubyen yon plent deta.

PLASMAN TIMOUN LAN PANDAN CHITA TANDE SOU PWOSEDI OFISYÈL LA ANNATANT

Eksepte sa ki founi annapre a anba antèt **PWOSEDI POU DISIPLINE TIMOUN KI GEN ANDIKAP**, on fwa plent sou demann pou chita tande sou pwosedi ofisyèl voye bay lòt pati a, pandan peryòd delè pwosesis pou yon rezolisyon an, e pandan atant pou desizyon tout chita tande san patipri sou pwosedi ofisyèl la oubyen pwosedi jidisyèl, amwenske oumenm e distrik eskolè a dakò otreman, pitit ou a gen pou l rete nan plasman edikatif li ye alèkile a.

Si plent sou pwosedi ofisyèl la gen ladan l yon aplikasyon pou admisyon jeneral nan lekòl leta, pitit ou a, avèk otorizasyon w, dwe plase nan pwogram lekòl leta òdinè jouk tan tout pwosedi sa yo fini.

Distrik eskolè a pa gen obligasyon pou l founi sèvis pati C a bay yon timoun resevwa si plent sou pwosedi ofisyèl la gen ladan l yon premye sèvis an vèti pati B nan IDEA a pou timoun lan ki nan tranzisyon pou l sèvi an vèti pati C nan IDEA ale nan pati B nan IDEA e ki pa admisib ankò pou sèvis pati C poutèt timoun lan vin alaj twa lane. Si timoun lan jije admisib an vèti pati B nan IDEA a e ou dakò pou pitit ou a resevwa edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman pou premye fwa, alò, nan atant rezilta pwosedi yo, distrik eskolè a dwe founi edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman sa yo ki pa nan litij (sa oumenm e distrik eskolè a dakò pou yo). Si yon ajan chita tande a pandan yon chita tande sou pwosedi ofisyèl òganism edikatif deta fè dakò avèk ou sou chanjman nan plasman se chanjman apwopriye, plasman sa a dwe trete kòm plasman edikatif aktyèl pitit ou a kote pitit ou pral rete pandan n ap tann desizyon yon chita tande san patipri sou pwosedi ofisyèl oubyen yon jijman nan tribinal.

PWOSESIS POU YON REZOLISYON

Reyiyon pou jwenn rezolisyon

Nan pwochen 15 jou sivil apre avi sou plent nan pwosedi ofisyèl ou a resevwa, e anvan chita tande sou pwosedi ofisyèl la kòmanse, distrik eskolè a gen pou l gen yon reyinyon avèk ou e manm enpòtan oubyen manm ekip pwogram edikatif endividalize a (IEP) ki gen konesans presi sou karakteristik ki idantifye nan plent sou pwosedi ofisyèl la. Reyinyon an :

1. Dwe gen yon reprezantan distrik eskolè a ki gen otorite pou l pran desizyon onon distrik eskolè a ; e
2. Pa gendwa se yon avoka distrik eskolè a amwenske ou vini avèk yon avoka.

Se oumenm e distrik eskolè a ki detèmine manm enpòtan nan ekip EAP a ki pou nan reyinyon an.

Objektif reyinyon an se pou w pale sou demann pou chita tandè sou pwosedi ofisyèl ou mande a, e karakteristik ki fòme fonman demann man pou distrik eskolè a gen opòtinite pou rezoud dispit la.

Reyiyon pou jwenn rezolisyon an pa nesèsè si :

1. Oumenm e distrik eskolè a dakò alekri pou pa gen reyinyon an ; **oubyen**
2. Oumenm e distrik eskolè a dakò pou n itilize pwosedi medyasyon an, jan li dekri anba antèt **Medyasyon**.

Peryòd rezolisyon

Si distrik eskolè pa rezoud demann pou chita tandè sou pwosedi ofisyèl la sou 30 jou sivil apre demann lan resevwa (pandan peryòd tan pou pwosesis pou rezolisyon an), alò chita tandè sou pwosedi ofisyèl la gendwa fèt.

Delè 45 jou sivil la pou emèt yon desizyon final pou chita tandè sou pwosedi ofisyèl, jan li dekri anba antèt, **Desizyon nan chita tandè**, kòmanse nan ekspirasyon peryòd rezolisyon 30 jou sivil la, avèk sèten eksepsyon pou ajistman ki fè nan peryòd rezolisyon 30 sou sivil la, jan sa dekri annapre a.

Sof si oumenm e distrik eskolè a toude dakò pou anile pwosesis pou rezolisyon an oubyen pou gen yon medyasyon, mank pou w patisipe nan reyinyon pou jwenn rezolisyon an pral bay reta nan delè pou pwosesis pou rezolisyon an e chita tandè sou pwosedi ofisyèl jouk tan reyinyon an fèt.

Si, apre efò rezonab fèt e efò sa yo dokimante, distrik eskolè a pa ka jwenn patisipasyon w nan reyinyon pou jwenn rezolisyon an, distrik eskolè a gendwa, nan fen peryòd rezolisyon 30 jou sivil la, fè demann pou yon ajan chita tandè a rejte demann ou fè a pou yon chita tandè sou pwosedi ofisyèl. Dokimantasyon efò sa yo dwe gen yon dosye sou tantatif distrik eskolè a fè pou òganize yon lè e yon adrès ki konvni mityèlman, tankou :

1. Dosye detaye sou apèl telefonik ki te fèt oubyen ki te eseye fèt avèk rezilta apèl telefonik sa yo ;
2. Kopi lèt ki te voye bay paran yo e tout repons ki te resevwa ; e
3. Dosye detaye sou vizit fèt nan kay ou oubyen nan travay ou e rezilta vizit sa yo.

Si distrik eskolè a pa fè reyinyon pou jwenn rezolisyon an sou 15 jou sivil apre avi sou demann ou an pou chita tandè sou pwosedi ofisyèl **oubyen** manke patisipe nan reyinyon pou jwenn rezolisyon an, ou gendwa mande yon ajan chita tandè pou kòmanse delè 45 jou sivil pou chita tandè sou pwosedi ofisyèl la.

Ajisteman nan peryòd rezolisyon 30 jou sivil la.

Si oumenm e distrik eskolè a dakò alekri pou pa fè reyinyon pou jwenn rezolisyon an, alò delè 45 jou sivil la pou chita tandè sou pwosedi ofisyèl la kòmanse depi nan landemen.

Apre kòmansman medyasyon an oubyen reyinyon pou jwenn rezolisyon an e anvan fen peryòd rezolisyon 30 jou sivil la, si oumenm e distrik eskolè a dakò alekri li posib pou pa gen yon antant, alò delè 45 jou sivil la pou chita tandè sou pwosedi ofisyèl la kòmanse depi nan landemen.

Si oumenm e distrik eskolè a dakò pou itilize pwosesis medyasyon an men pa gen yon antant nan fen peryòd rezolisyon 30 jou sivil la pwosesis medyasyon an gendwa kontinye jouk tan gen yon antant si toude pati yo gen yon antant alekri pou kontinye. Toutfwa, si oumenm oubyen distrik eskolè a anile pwosesis medyasyon an pandan peryòd kontinyasyon an, alò delè 45 jou sivil la pou chita tande sou pwosedi ofisyèl la kòmanse depi nan landemen.

Antant alekri sou rezolisyon

Si gen yon rezolisyon sou dispit la ki fèt nan reyinyon pou jwenn rezolisyon an, oumenm e distrik eskolè a dwe gen yon antant jidisyè final ki :

1. Avèk siyati w e yon reprezantan distrik eskolè ki gen otorizasyon pou oblije distrik eskolè a, e
2. Aplikab devan yon tribinal deta konpetan (yon tribinal ki gen otorite pou l tande kalite zafè sa a) oubyen devan yon tribinal distrik nan Etazini Damerik.

Peryòd revizyon yon antant

Si oumenm e distrik eskolè a gen yon antant alasuit yon reyinyon pou jwenn rezolisyon (oumenm oubyen distrik eskolè a) gendwa anile antant lan sou 3 jou ouvrab apre dat nou toulède, oumenm e distrik eskolè a, siyen antant lan.

CHITA TANDE POU PLENT SOU PWOSEDI OFISYÈL

CHITA TANDE SAN PATIPRI SOU PWOSEDI OFISYÈL

Jeneral

Chak lè gen yon demann pou yon chita tandè sou pwosedi ofisyèl, oumenm e distrik eskolè ki gen dispit lan dwe gen yon opòtinite pou yon chita tandè san patipri sou pwosedi ofisyèl la, jan li dekri nan seksyon *Plent sou pwosedi ofisyèl e Pwosesis pou rezolisyon*.

Ajan nan chita tandè san patipri

An minimòm, ajan yon chita tandè :

1. Pa gendwa yon anlwaye SEA oubyen anlwaye distrik eskolè a ki patisipe nan edikasyon oubyen swen pitit ou a. Toutfwa, yon moun ki pa anlwaye òganism lan senpleman poutèt moun lan peye pa ODE òganism pou sèvi kòm ajan yon chita tandè ;
2. Pa dwe gen yon enterè pèsonèl oubyen pwofesyonèl ki, nan chita tandè a, yon konfli avèk objektivite ALJ a ;
3. Dwe byen enfòmè e konprann pwovizyon IDEA a, e règleman federal e deta ki an rapò ak IDEA a, e entèpretasyon jidisyèl IDEA a nan tribinal federal e deta ; e
4. Dwe gen konesans e kapasite pou jere yon chita tandè, e pran e ekri desizyon, konfòmman ak pratik jiridik nòmal apwopriye.

Chak distrik eskolè dwe gen yon lis moun ki sèvi antan ALJ e yon deklarasyon sou kalifikasyon chak moun.

Sijè chita tandè sou apwosedi ofisyèl

Pati a (oumenm oubyen distrik eskolè a) ki fè demann pou yon chita tandè sou pwosedi ofisyèl la pa gendwa sòlve kesyon nan chita tandè sou pwosedi ofisyèl la ki p at abòde nan demann pou chita tandè sou pwosedi ofisyèl la, amwenske lòt pati a dakò pou sa fèt.

Delè pou fè demann pou yon chita tandè

Oumenm oubyen distrik eskolè a dwe fè demann pou yon chita tandè san patipri nan yon delè 24 mwa apre dat oumenm oubyen distrik eskolè a te konnen oubyen te sipoze okouran sou pwoblèm ki make nan demann pou chita tandè a.

Eksepsyon nan delè a

Delè anvan pa aplike sou oumenm si w pa t ka depoze yon demann pou yon chita tandè sou pwosedi ofisyèl poutèt :

1. Distrik eskolè fè move deklarasyon ekspres nan di li te rezoud pwoblèm ki te idantifye nan plent lan ; oubyen
2. Distrik eskolè a kache enfòmasyon li te sipoze ba w an vèti pati B nan IDEA a.

DWA POU YON CHITA TANDE

Jeneral

Ou gen dwa reprezante tèt ou nan yon chita tande sou pwosedi ofisyèl. An plis, tout pati nan yon chita tande sou pwosedi ofisyèl (an kontan yon chita tande ki an rapò ak pwosedi disiplinè) gen dwa pou :

1. Li akonpaye e konseye pa yon avoka e/oubyen moun ki gen konesans espesyal oubyen fòmasyon sou pwoblèm timoun ki gen andikap genyen ;
2. Gen reprezantasyon yon avoka nan chita tande sou pwosedi ofisyèl ;
3. Prezante prèv e konfwonte, kont entewoje, e egzije prezans yon temwen ;
4. Entèdi prezantasyon bay chita tande a sou tout prèv ki pa t divilge bay pati sa a omwen senk jou ouvrab anvan chita tande a ;
5. Resevwa yon kontrandi motamo chita tande a swa alekri, oswa, jan w vle l la, elektwonik ; **e**
6. Resevwa alekri, oubyen, jan w vle l la, elektwonik konstataasyon sou karakteristik e desizyon yo.

Divilgasyon siplemantè sou enfòmasyon

Omwen senk jou ouvrab anvan yon chita tande sou pwosedi ofisyèl, oumenm e distrik eskolè a dwe pataje bay youn lòt tout evalyasyon ki fèt anvan dat la e tout rekòmandasyon baze sou evalyasyon sa yo oumenm e distrik eskolè a gen lentansyon itilize nan chita tande a.

Yon ajan nan chita tande gendwa anpeche tout pati ki pa konfòme kondisyon sa a pou prezante evalyasyon oubyen rekòmandasyon ki gen rapò avèk chita tande a san konsantman lòt pati a.

Dwa paran genyen nan yon chita tande

Ou dwe gen dwa pou :

1. Pitit ou a prezan nan chita tande a ;
2. Louvri chita tande a pou piblik la ; **e**
3. Gen dosye chita tande a, konstataasyon karakteristik yo e desizyon ki kominike ba ou san frè.

DESIZYON YON CHITA TANDE

Desizyon jij dwa administratif la

Desizyon ajan yon chita tande sou wi oubyen non pitit ou a resevwa yon edikasyon piblik apwopriye gratis (FAPE) ki baze sou prèv e agiman ki gen rapò dirèk ak FAPE.

Nan kesyon ki akize yon enfraksyon pwosedi a (kòm "yon ekip IEP enkonplè"), ajan yon chita tande gendwa konkli pitit ou a pa resevwa FAPE sèl si enfraksyon pwosediral yo :

1. Te gen entèferans avèk dwa pitit ou a pou l gen yon edikasyon piblik apwopriye gratis (FAPE) ;
2. Fè gwo entèferans nan opòtinite w pou w patisipe nan pwosesis pran yon desizyon ki konsène prestasyon yon edikasyon piblik apwopriye gratis (FAPE) pou pitit ou ; **oubyen**
3. Fè pitit ou a manke yon prestasyon eskolè.

Okenn nan pwovizyon ki dekri anvan yo ka entèprete pou yo anpeche ajan yon chita tandè mande pou yon distrik eskolè obeyi kondisyon nan seksyon sou garanti pwosediral règleman federal an vèti pati B nan IDEA (34 CFR §§300.500 jouk 300.536).

Demann apa pou yon chita tandè sou pwosedi ofisyèl

Anyen nan seksyon sou garanti pwosediral règlemantasyon federal la an vèti pati B nan IDEA (34 CFR §§300.500 jouk 300.536) ka entèprete pou anpeche w depoze yon plent sou pwosedi ofisyèl apa sou yon pwoblèm apa sa ki nan plent sou pwosedi ofisyèl ki deja depoze.

Konstatasyon e desizyon ki kominike bay komite konsiltatif e bay piblik la.

SEA a oubyen distrik eskolè a (selon kilès ki te responsab pou chita tandè ou an), apre tout enfòmasyon ki se idantifikatif pèsònèl te siprime, dwe :

1. Founi konstatasyon e desizyon lè chita tandè sou pwosedi ofisyèl la oubyen kou dapèl devan komite konsiltatif sou edikasyon espesyal deta a ; **e**
2. Mete konstatasyon sa yo e desizyon sa yo disponib pou piblik la.

DELÈ E KOMODITE CHITA TANDE YO ; DESIZYON FINAL

SEA dwe asire pa pi ta pase 45 jou sivil apre ekspirasyon peryòd 30 jou sivil la pou reyinyon pou jwenn rezolisyon an **oubyen**, jan li dekri anba sou-antèt **Ajisteman nan peryòd rezolisyon 30 jou sivil la**, pa pi ta pase 45 jou sivil apre ekspirasyon peryòd delè ki ajiste a :

1. Yon desizyon final fèt nan chita tandè a ; **e**
2. Yon kopi desizyon an voye pa lapòs bay chak pati.

Ajan yon chita tandè gendwa akòde pwopagasyon delè presi apre peryòd 45 jou sivil la ki dekri anvan an depi youn oubyen lòt pati (oumenm oubyen distrik eskolè a) fè demann pou sa.

Chak chita tandè dwe fèt nan moman e plas ki rezonableman konvenab pou ou e pou pitit ou a.

Finalite desizyon chita tandè a

Yon desizyon ki pran nan yon chita tandè sou pwosedi ofisyèl (an kontan yon chita tandè ki an rapò ak pwosedi disiplinè) se desizyon ki final, eksepte kote yon pati nan chita tandè a (oumenm oubyen distrik eskolè a) gendwa fè demann kou dapèl desizyon an nan yon aksyon sivil, jan li dekri anba antèt **Aksyon sivil, an kontan peryòd delè pou depoze aksyon sa yo**.

AKSYON SIVIL, AN KONTAN PERYÒD DELÈ POU DEPOZE AKSYON YO

Jeneral

Tout pati (oumenm oubyen distrik eskolè a) ki pa dakò avèk konstatasyon e desizyon chita tandè sou pwosedi ofisyèl (an kontan yon chita tandè ki an rapò ak pwosedi disiplinè) gen dwa fè yon aksyon sivil avèk respè sou kesyon ki te objè chita tandè sou pwosedi ofisyèl la. Aksyon an gendwa parèt devan yon tribinal deta konpetan (yon tribinal ki gen otorite pou l tandè kalite zafè sa a) oubyen devan yon tribinal distrik federal san okenn ega sou montan ki nan litij.

Delè

Pati a (oumenm oubyen distrik eskolè a) ki pote aksyon an gen 90 jou sivil apre dat konklizyon ajan chita tandè a pou depoze yon aksyon sivil.

Pwosedì siplemantè

Nan tout aksyon sivil, tribinal la :

1. Resevwa dosye sou pwosedì administratif yo ;
2. Tande prèv siplemantè lè w fè demann lan oubyen lè distrik eskolè fè demann lan ; e
3. Fonde desizyon li an sou majorite prèv yo e akòde reparasyon tribinal la detèmine apwopriye.

Nan sikonstans apwopriye yo, alèjman jidisyè gendwa gen ranbousman pou ekolaj lekòl prive e sèvis edikatif pou dedomajman.

Jiridiksyon tribinal distrik yo

Tribinal distrik nan peyi Etazini Damerik gen pouvwa pou pwononse sou aksyon an vèti pati B nan IDEA a san okenn ega sou montan ki nan litij.

Règ sou konstriksyon

Anyen nan pati B nan IDEA mete limit nan dwa, pwosedì, e rekou ki disponib an vèti konstitisyon peyi Etazini Damerik, Americans with Disabilities Act of 1990, Title V nan Rehabilitation Act of 1973 (Section 504), oubyen lòt lwa federal ki pwoteje dwa timoun ki gen andikap, eksepte anvan yon aksyon sivil depoze an vèti lwa sa yo pou reparasyon ki disponib tou an vèti pati B nan IDEA a, pwosesis chita tandè sou pwosedì ofisyèl ki dekri anvan an dwe epuize nan menm mezi ak sa k ap obligatwa si pati a depoze aksyon an an vèti pati B nan IDEA a. Sa vle di ou gendwa gen rekou ki disponib an vèti lòt lwa ki tonbe menm kote ak sa ki disponib an vèti IDEA, men an jeneral, pou gen reparasyon an vèti lòt lwa, se pou itilize an premye rekou administratif disponib an vèti IDEA (sètadi : plent sou pwosedì ofisyèl la ; pwosesis pou yon rezolisyon, an kontan reyiyon pou jwenn rezolisyon ; e pwosesis chita tandè san patipri sou pwosedì ofisyèl) anvan pou ale dirèkteman devan yon tribinal.

FRÈ AVOKA

Jeneral

Nan tout aksyon oubyen pwosedi ki fèt an vèti pati B nan IDEA a, tribinal la, avèk diskresyon li an, gendwa akòde frè pou avoka ki rezonab, si w triyonfe.

Nan tout aksyon oubyen pwosedi ki fèt an vèti pati B nan IDEA a, tribinal la, avèk diskresyon pa l, gendwa akòde frè pou avoka ki rezonab kòm nan pati frè yon òganism edikatif deta oubyen distrik eskolè ki triyonfe, kote se pou avoka w la ki peye, si avoka a : (a) depoze yon plent oubyen yon zafè jidisyèl tribinal la jije pou l frivòl, pa rezonab, oubyen san fonman ; **oubyen** (b) kontinye litij apre litij la klèman tounen yon litij frivòl, ki pa rezonab, oubyen san fonman ; **oubyen** :

Nan tout aksyon oubyen pwosedi ki fèt an vèti pati B nan IDEA a, tribinal la, avèk diskresyon pa l, gendwa akòde frè avoka ki rezonab kòm frè yon òganism edikatif deta oubyen yon distrik eskolè an vigè, kote se pou oumenm oubyen avoka ou a peye, si demann ou an pou yon chita tande sou pwosedi ofisyèl oubyen zafè tribinal aprè te prezante pou yon rezon ki pa apwopriye, tankou pou lakòz reta inital, oubyen ogmante initalman frè aksyon an oubyen pwosedi a.

Atribisyon frè yo

Men kijan yon tribinal akòde frè avoka ki rezonab :

1. Frè yo dwe baze sou to ki an vigè nan kominote kote aksyon oubyen pwosedi a fèt pou tip e kalite sèvis ki founi. Pa gen bonis oubyen multiplikatif ki gendwa itilize nan kalkil frè ki atribye yo.
2. Frè avoka yo pa gendwa atribye e frè konèks pa gendwa ranbouse nan yon aksyon oubyen pwosedi an vèti pati B nan IDEA a pou sèvis ki fèt apre yon alekri pou règleman ki fèt pou ou si :
 - a. Òf la fè nan delè ki preskri nan règ 68 nan Règ federal sou pwosedi sivil oubyen, nan ka yon chita tande sou pwosedi ofisyèl, nan tou moman ki plis pase 10 jou sivil anvan pwosedi a kòmanse ;
 - b. Òf la pa aksepte sou 10 jou sivil ; **e**
 - c. Tribinal la oubyen ajan chita tande administratif la konkli rekouvreman ou resevwa finalman pa pi favorab pou ou pase òf règleman an.

Malgre restriksyon sa yo, yon atribisyon pou frè avoka yo e frè konèks yo gendwa fèt ba ou si w triyonfe e ou te jistifye esansyèlman nan rejè òf règleman an.

3. Frè yo pa gendwa akòde relativ avèk yon reyinyon ekip pwogram edikasyon espesyalize (IEP) amwenske reyinyon an fèt antan rezilta yon pwosedi administratif oubyen aksyon an jistis. Frè yo pa gendwa akòde tou pou yon medyasyon jan li dekri anba antèt **Medyasyon** an.

Yon reyinyon pou jwenn rezolisyon, jan li dekri anba antèt **Pwosesis pou yon rezolisyon**, pa konsidere yon reyinyon konvoke alasuit yon chita tande administratif oubyen aksyon an jistis, e pa nonplis konsidere kòm yon chita tande administratif oubyen yon aksyon an jistis pou dispozisyon ki gen rapò avèk frè avoka yo. Tribinal la diminye, jan li apwopriye, kantite frè ki akòde pou avoka yo an vèti pati B nan IDEA a, si tribinal la estime :

1. Oumenm, oubyen avoka ou a, pandan aksyon an oubyen pwosedè a, san rete bay reta nan rezolisyon final litij la ;
2. Montan frè avoka otreman otorize pou akòde depase anpil anpil to pa è ki an vigè nan kominote a pou sèvis sanblab avoka ki gen konpetans, repitasyon, e eksperyans ki rezonableman sanblab.
3. Tan pase e sèvis jidisyèl ki founi te demezire an rapò avèk kalite aksyon oubyen pwosedè a ;
oubyen
4. Avoka k ap reprezante w pa t founi distrik eskolè a enfòmasyon apwopriye nan avi pou demann pou chita tandè sou pwosedè ofisyèl a jan li dekri anba antèt ***Plent an rapò ak pwosedè ofisyèl.***

Toutfwa, tribinal la gendwa pa redui frè yo si tribinal la konkli eta oubyen distrik eskolè a san bon rezon bay reta pou rezolisyon final aksyon oubyen pwosedè a oubyen te gen yon enfraksyon dispozisyon yo sou garanti pwosedè pati B nan IDEA a.

PWOSEDI POU DISIPLIN TIMOUN KI GEN ANDIKAP

OTORITE PÈSONÈL LEKÒL

Deteminezon ka pa ka

Pèsonèl lekòl la gendwa pran an konsiderasyon tout sikonstans inik ka pa ka, lè y ap detèmine si chanjman nan plasman, fèt konfòmeman ak kondisyon annapre yo ki konsène disiplin, apwopriye pou yon timoun ki gen yon andikap e ki fè enfraksyon yon kòd konduit eskolè.

Jeneral

Nan mezi kote yo pran tou mezi konsa pou timoun ki pa gen andikap, pèsonèl lekòl la gendwa, pou pa plis pase **10 jou lekòl** youn apre lòt, retire yon timoun ki gen andikap e ki fè enfraksyon yon kòd konduit eskolè nan plasman kote yo ye aktyèlman pou yon milye edikatif altènatif tanporè, yon lòt milye, oubyen ranvwa. Pèsonèl lekòl la gendwa enpoze tou pou timoun lan retire pou plis tan ki pa plis pase **10 jou lekòl** youn apre lòt nan menm lane eskolè a pou ensidan movèz konduit apa, depi timoun ki retire a pa reprezante yon chanjman nan plasman (gade anba antèt **Chanjman nan plasman poutèt retrè disiplinè** pou definisyon an).

On fwa yon timoun ki gen yon andikap retire nan plasman aktyèl li a pou yon total **10 jou lekòl** nan menm lane eskolè a, distrik eskolè a dwe, nan tout jou apre timoun lan retire nan lane eskolè sa a, founi sèvis jan li obligatwa anba sou-antèt **Sèvis** la.

Pouvwa siplemantè

Si konpòtman ki frè enfraksyon kòd konduit eskolè a pa t yon manifestasyon andikap timoun lan (gade anba sou-antèt **Deteminezon manifestasyon** an) e chanjman nan plasman disiplinè a ta depase **10 jou lekòl** youn apre lòt, pèsonèl lekòl la gendwa fè aplikasyon pwosesis disiplinè pou timoun sa ki gen andikap la menm jan e pou menm kantite tan ak sa pou timoun ki pa gen andikap, eksepte lekòl la dwe founi sèvis bay timoun sa jan li dekri annapre a anba **Sèvis** la. Ekip IEP timoun lan detèmine milye edikatif altènatif pwovizwa a pou sèvis konsa.

SÈVIS

Yon distrik eskolè sèl oblije founi sèvis pou yon timoun ki gen andikap ki te retire nan plasman aktyèl lan pou **10 jou lekòl oubyen mwens** nan yon lane eskolè, si li founi sèvis pou yon timoun ki pa gen andikap e kite retire menm jan an. Sèvis ki dwe founi bay yon timoun ki gen andikap e ki te retire nan plasman aktyèl timoun lan gendwa founi nan yon milye edikatif altènatif tanporè.

Yon timoun ki gen yon andikap ki retire nan plasman aktyèl timoun lan pou **plis pase 10 jou lekòl** e konpòtman pa yon manifestasyon andikap timoun lan (gade anba sou-antèt, **Deteminezon manifestasyon**) oubyen ki retire nan sikonstans espesyal (gade anba sou-antèt **Sikonstans espesyal la**) dwe :

1. Kontinye resevwa sèvis edikatif (gen aksè nan yon edikasyon piblik apwopriye gratis), pou pèmèt timoun lan kontinye patisipe nan ansèyman jeneral, byenke nan yon lòt milye (ki gendwa se yon milye edikatif altènatif tanporè), e pou pwogrese vè objektif ki tabli nan IEP timoun lan ; e

2. Resevwa, jan li apwopriye, yon evalyasyon sou konpòtman fonksyonèl, e modifikasyon e sèvis entèvansyon konpòtmantal, ki tabli pou trete enfraksyon konpòtman an pou sa pa rive ankò.

Aprè yon timoun ki gen andikap retire nan plansman aktyèl la pou **10 jou lekòl** nan menm lane eskolè a, e **si** li retire aktyèlman pou **10 jou lekòl** youn aprè lòt oubyen pou mwens tan e si li pa retire pou chanjman nan plasman (gade definisyon ananapre a), **alò** pèsònèl lekòl, an konsiltasyon avèk omwen youn nan pwofesè timoun lan, detèmine mezi kote sèvis yo nesèsè pou pèmèt timoun lan kontinye patisipe nan pwogram ansèyman jeneral, byenke nan yon lòt milye, e pwogrese pou satisfè objektif ki tabli nan IEP timoun lan.

Si li retire poutè chanjman nan yon plasman (gade anba antèt **Chanjman nan plasman poutèt retrè disiplinè a**), ekip IEP timoun lan detèmine sèvis apwopriye yo pou ede timoun lan kontinye patisipe nan pwogram ansèyman jeneral la, byenke nan yon lòt milye (ki gendwa se yon milye edikatif altènatif tanporè), e pwogrese pou satisfè objektif ki tabli nan IEP timoun lan.

DETÈMINEZON SOU MANIFESTASYON

Nan **10 jou lekòl** ki suiv yon desizyon pou chanje plasman yon timoun ki gen yon andikap an rezon enfraksyon yon kòd konduit eskolè (eksepte pou yon retrè pou **10 jou lekòl** youn aprè lòt oubyen mwens tan e pa yon chanjman nan plasman), distrik eskolè a, oumenm, e lòt manm nan ekip IEP a (jan oumenm e distrik eskolè detèmine sa) dwe revwa tout enfòmasyon nan dosye timoun lan, an kontan IEP timoun lan, tout obsèvasyon pwofesè fè, e tout enfòmasyon pètinan oumenm founi pou detèmine :

1. Si konpòtman an te fèt poutèt, oubyen te gen yon rapò dirèk e enpòtan avèk : andikap timoun lan ; **oubyen**
2. Si konpòtman an kesyon an te rezilta dirèk nan mank distrik eskolè a pou enplemante IEP timoun lan.

Si distrik eskolè a, oumenm e lòt manm ki konsène nan ekip IEP timoun lan detèmine okenn nan kondisyon sa yo te satisfè, konpòtman an dwe detèmine pou l yon manifestasyon andikap timoun lan.

Si distrik eskolè a, oumenm, e lòt manm ekip IEP timoun lan detèmine konpòtman an kesyon an te yon rezilta dirèk mank distrik eskolè pou enplemante IEP a, distrik eskolè dwe pran mezi imedyè pou remedye mank sa yo.

Detèminezon si konpòtman sa a te yon manifestasyon andikap timoun lan

Si distrik eskolè a, oumenm, e lòt manm enpòtan ekip IEP a detèmine konduit la te yon manifestasyon andikap timoun lan, ekip IEP dwe swa :

1. Fè yon evalyasyon sou konpòtman fonksyonèl, amwenske distrik eskolè te fè yon evalyasyon sou konpòtman fonksyonèl anvan ki te fè te gen yon chanjman nan plasman an, e enpleman yon plan pou entèvansyon konpòtman konpòtmantal pou timoun lan ; **oubyen**
2. Si yon plan dentèvansyon konpòtmantal te deja tabli, revwa plan dentèvansyon konpòtmantal la, e chanje li, jan l nesesè, pou adrese konpòtman an.

Eksepte jan li dekri annapre anba sou-antèt **Sikonstans espesyal** la, distrik eskolè a dwe retounen timoun lan nan plasman kote timoun lan te retire, amwenske oumenm e distrik eskolè dakò pou yon chanjman nan plasman nan modifikasyon plan dentèvansyon konpòtmantal.

Sikonstans espesyal

Si konpòtman te oubyen pa t manifestasyon andikap timoun lan, pèsonèl lekòl la gendwa retire yon timoun e mete l nan yon milye edikatif altènatif tanporè (ekip IEP timoun lan detèmine) pou jouk 45 jou lekòl, si pitit ou :

1. Pote yon zam (gade definisyon apre a) nan lekòl la oubyen gen yon zam nan lekòl la, oubyen sou teren lekòl la, oubyen nan yon fonksyon lekòl la nan yon jiridiksyon SEA a oubyen yon distrik eskolè ;
2. Gen oubyen itilize dwòg ilegal (gade difinisyon annapre a) oubyen vann oubyen solisite vant yon sibstans ki kontwole (gade difinisyon annapre a), pandan li nan lekòl la, oubyen sou teren lekòl la, oubyen nan yon fonksyon lekòl la an vèti jiridiksyon SEA a oubyen yon distrik eskolè ; **oubyen**
3. Flanke gwo domaj sou kò (gade definisyon annapre a) nan lekòl la oubyen gen yon zam nan lekòl la, oubyen sou teren lekòl la, oubyen nan yon fonksyon lekòl la nan yon jiridiksyon SEA a oubyen yon distrik eskolè ;

Definisyon

Sibstans kontwole vle di yon dwòg oubyen lòt sibstans ki idantifye nan anèks I, II, III, IV, oubyen V nan seksyon 202(c) lwa sou sibstans kontwole (21 U.S.C. 812(c)).

Dwòg ilegal vle di yon sibstans kontwole ; men pa gen ladan l yon sibstans kontwole ki posede legalman oubyen itilize anba sipèvizyon yon pwofesyonèl medikal ki otorize oubyen ki posede legalman oubyen an vèti yon lòt pouvwa an vèti lwa sa a oubyen tout lòt dispozisyon nan lwa federal.

Gwo blesi grav gen definisyon nan tèm “gwo blesi grav” ki nan paragraf (3) nan seksyon (h) ki nan seksyon 1365 nan atik 18, United States Code.

Zam gen definisyon nan tèm “zam danjre” nan paragraf (2) premye nan seksyon (g) nan seksyon 930 nan atik 18, United States Code.

Avi

Nan dat li pran desizyon pou fè yon retrè ki se yon chanjman nan plasman pitit ou a poutèt yon enfraksyon kòd konduit eskolè, distrik eskolè a dwe avèti w sou desizyon sa a, e founi ba ou yon avi sou garanti pwosediral.

CHANJMAN NAN PLASMAN POUTÈT RETRÈ DISIPLINÈ

Retire pitit ou a ki gen yon andikap nan plasman edikatif aktyèl pitit ou a se yon chanjman nan plasman si :

1. Retrè a plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt ; **oubyen**
2. Pitit ou a te sijè nan yon seri retrè ki konstitye yon modèl poutèt :
 - a. Seri retrè yo se yon total plis pase 10 jou lekòl nan yon lane eskolè ;
 - b. Konpòtman timoun lan konsiderableman sanblab ak konpòtman timoun lan nan ensidan anvan ki fè te gen seri retrè a ;
 - c. Pami faktè sipleman tè tankou dire tan chak retrè, kantite total tan pitit ou a te retire, e pwoksimite retrè yo youn avèk lòt.

Swake yon modèl retrè konstitye yon chanjman nan plasman distrik eskolè a detèmine ka pa ka e, si gen kontestasyon, l ap sijè yon revizyon nan yon pwosedi òdinè oubyen pwosedi jidisyè.

DESIZYON SOU MILYE

Ekip pwogram edikasyon endividyalize a (individualized education program, IEP) detèmine milye edikatif altènatif entèmedyè pou retrè ki se **chanjman nan plasman**, e retrè anba sou-antèt **Otorite sipleman tè** e **Sikonstans espesyal**.

APÈL

Jeneral

Ou gendwa mande pou yon chita tandè sou pwosedi ofisyèl (gade anba antèt **Pwosedi pou pote plent pou yon chita tandè sou pwosedi ofisyèl**) si w pa dakò avèk :

1. Yon desizyon sou plasman an ki fè an vèti pwovizyon disiplin sa yo ; **oubyen**
2. Detèminezon sou manifestasyon ki dekri anvan an.

Distrik eskolè a gendwa mande pou yon plent pou chita tandè sou pwosedi ofisyèl (gade anvan an) si li kwè rete nan plasman aktyèl timoun lan ap konsiderableman fè pitit ou a oubyen lòt ap blese.

Otorite ajan yon chita tande

Ajan yon chita tande ki satisfè kondisyon ki dekri anba sou-antèt **ajan yon chita tande san patipri** dwe fè yon chita tande sou pwosedi ofisyèl la e pran yon desizyon. Ajan chita tande a gendwa :

1. Retounen pitit ou a ki gen yon andikap nan plasman kote pitit ou a te retire si ajan chita tande a detèmine lè li retire te yon enfraksyon nan kondisyon ki dekri nan anba antèt **Otorite pèsònèl lekòl la**, oubyen konpòtman pitit ou a te yon manifestasyon andikap timoun lan ; **oubyen**
2. Pase lòd pou yon chanjman nan plasman pitit ou a ki gen yon andikap nan yon milye edikasyon altènatif tanporè apwopriye pou plis pase 45 jou lekòl si ajan chita tande a detèmine si plasman aktyèl la kontinye pitit ou a gen konsiderableman anpil chans pou l blese pitit ou a oubyen lòt.

Pwosedi chita tande sa yo gendwa repete, si distrik eskolè a kwè retounen pitit ou a nan premye plasman an gen konsiderableman anpil chans pou pitit ou a oubyen lòt blese.

Chak lè oumenm oubyen yon distrik eskolè depoze yon plent sou chita tande sou pwosedi ofisyèl pou mande yon chita tande konsa, se pou gen yon chita tande ki satisfè kondisyon ki dekri anba antèt **Pwosedi pou plent sou pwosedi ofisyèl e Chita tande pou plent sou pwosedi ofisyèl**, eksepte nan sitiyasyon sa yo :

1. SEA a oubyen distrik eskolè a dwe pran dispozisyon pou yon chita tande akselere sou pwosedi ofisyèl, ki dwe fèt nan **20** jou lekòl depi nan dat demann pou chita tande a fèt e dwe fini avèk yon detèminezon nan **10** jou lekòl apre chita tande a.
2. Amwenske oumenm oubyen distrik eskolè a dakò alekri pou pa gen reyinyon an, oubyen dakò pou gen yon medyasyon, se pou gen yon reyinyon pou jwenn rezolisyon nan **sèt** jou sivil apre avi sou plent sou pwosedi ofisyèl la resevwa. Chita tande a gendwa fèt amwenske kesyon an rezoud nan satisfaksyon toulède pati yo nan **15** jou sivil apre plent sou pwosedi ofisyèl la resevwa.

Oumenm oubyen distrik eskolè a gendwa fè demann kou dapèl desizyon nan yon chita tande akselere sou pwosedi ofisyèl menm jan ak pou desizyon ki pan nan kad lòt chita tande sou pwosedi ofisyèl (wè anba antèt **Apèl** la).

PLASMAN PANDAN APÈL

Lè jan sa dekri anvan, oumenm oubyen distrik eskolè a depoze yon plent sou pwosedi ofisyèl sou sa ki konsène kesyon disiplinè, pitit ou a dwe (amwenske oumenm e ODE oubyen distrik eskolè a dakò otremman) rete nan milye edikasyon altènatif pwovizwa a pandan n ap tann desizyon ajan chita tande a, oubyen jouk nan ekspirasyon delè sou retrè ki prevwa a e ki dekri anba antèt **Otorite pèsònèl eskolè a**, selon sa ki rive an premye a.

PWOTEKSYON POU TIMOUN KI PA KO ADMISIB POU EDIKASYON ESPESYAL E SÈVIS DAKONPAYMAN

Jeneral

Si pitit ou a pa ko detèmine admisib pou edikasyon espesyal e pou sèvis dakonpayman e li fè enfraksyon yon kòd konduit eskolè, menm distrik eskolè a te konnen (jan li detèmine annapre a) anvan konpòtman ki fè mezi disiplinè te pran, timoun lan te yon timoun ki gen andikap, alò pitit ou a gendwa fè soutni youn nan pwoteksyon ki dekri nan avi sila.

Fonnman sou konesans pou kesyon disiplinè

Yon distrik eskolè ap repite pou l konnen pitit ou a se yon timoun ki gen yon andikap si, anvan konpòtman ki fè mezi disiplinè a rive :

1. Ou fè konnen alekri sou preyokipasyon ou yo sou pèsònèl ki fè sipèvizyon oubyen ki okipe admistrasyon òganism edikatif apwopriye a, oubyen sou pwofesè pitit ou a pitit ou a bezwen edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman ;
2. Ou mande pou gen yon evalyasyon ki konsène admisiblite pou edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman an vèti pati B nan IDEA a ; **oubyen**
3. Pwofesè pitit ou a oubyen lòt pèsònèl distrik eskolè a eksprime preyokipasyon an patikilyè pa yo osijè yon modèl sou konpòtman pitit ou a an dirèk bay direktè edikasyon espesyal nan distrik eskolè a oubyen bay lòt pèsònèl sipèvizyon nan distrik eskolè a.

Eksepsyon

Yon distrik eskolè pa ta repite pou l gen konesans sa yo si :

1. Ou pa pèmèt pou yon yon evalyasyon timoun lan oubyen ou refize sèvis edikasyon espesyal ; **oubyen**
2. Pitit ou a te evalye e detèmine pou l pa yon timoun ki gen yon andikap an vèti pati B nan IDEA a.

Kondisyon ki aplike si pa gen yon fonnman sou konesans yo

Si, anvan mezi disiplinè fèt kont pitit ou a, yon distrik eskolè pa konnen pitit ou a se yon timoun ki gen andikap, jan li dekri anvan an anba sou-antèt ***Fonnman sou konesans pou kesyon disiplinè e Eksepsyon***, pitit ou a gendwa resevwa mezi disiplinè ki aplike bay timoun ki pa gen andikap ki gen konpòtman ki konparab.

Toutfwa, si gen yon demann evalyasyon pou pitit ou a pandan peryòd kote pitit ou a sijè yon mezi disiplinè, evalyasyon an dwe fèt nan yon manyè akselere.

Jiskaske evalyasyon an fin fèt, pitit ou a ap rete nan plasman eskolè otorite lekòl la detèmine, sa ki gendwa se sispansyon oubyen ekspilasyon san okenn sèvis edikatif.

Si li detèmine pitit ou a se yon timoun ki gen yon andikap, ansanm enfòmasyon sou evalyasyon distrik eskolè a, e enfòmasyon ou bay, distrik eskolè a dwe founi edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman konfòmman ak pati B nan IDEA a, an kontant egzijans disiplinè ki dekri anvan.

REFERANS NAN E AKSYON OTORITE RESPONSAB POU APLIKASYON LALWA E OTORITE LAJISTIS

Pati B nan IDEA pa :

1. Entèdi yon òganism siyale bay otorite apwopriye yo sou krim yon timoun ki gen andikap komèt ; **oubyen**
2. Anpeche otorite responsab pou aplikasyon lalwa e lajistis egzèsè responablite yo sou sa ki konsène aplikasyon lejislasyon federal e lalwa deta nan krim yon timoun ki gen andikap komèt.

Transmisyon dosye

Si yon distrik eskolè fè rapò sou krim yon timoun ki gen andikap komèt, distrik eskolè a :

1. Dwe asire kopi dosye sou edikasyon espesyal e dosye disiplinè timoun lan transmèt bay otorite, ki resevwa rapò sou krim lan, pou yo pran sa an konsiderasyon ; **e**
2. Gendwa transmèt kopi dosye sou edikasyon espesyal e dosye disiplinè timoun lan sèlman nan mezi pèmèt an vèti lalwa pou edikasyon fanmi e pwoteksyon enfòmasyon pèsònèl (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA).

KONDISYON POU PLASMAN INILATERAL PARAN FÈ POU TIMOUN NAN LEKÒL PRIVE LETA PEYE

JENERAL

Pati B nan IDEA pa egzije pou yon distrik eskolè peye pou frè edikatif, an kontan edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman, pitit ou a ki gen yon andikap nan etablisman oubyen lekòl prive si distrik eskolè a mete aladispozisyon yon edikasyon piblik gratis e apwopriye (free appropriate public education, FAPE) pou pitit ou a e w chwazi pou w mete pitit ou a nan yon etablisman oubyen lekòl prive. Toutfwa, distrik eskolè a kote lekòl prive a ye dwe pou l mete pitit ou a avèk popilasyon kote bezwen popilasyon sa a okipe an vèti dispozisyon pati B ki konsène timoun paran yo plase nan yon lekòl prive an vèti 34 CFR §§ 300.131 jouk nan 300.144.

Ranbousman pou plasman nan lekòl prive

Si pitit ou a te resevwa anvan sa edikasyon espesyal e sèvis dakonpayman anba otorite yon distrik eskolè, e w chwazi pou w enskri pitit ou a nan yon matènèl, lekòl primè, oubyen lekòl segondè prive san otorizasyon oubyen referans distrik eskolè a, yon tribinal oubyen ajan yon chita tandè gendwa egzije òganism lan ranbouse w pou frè enskripsyon sa a si tribinal la oubyen ajan chita tandè a di òganism lan pa t gen yon edikasyon piblik gratis e apwopriye (free appropriate public education, FAPE) pou pitit ou a nan yon tan rezonab anvan enskripsyon sa a e plasman prive a se yon plasman ki apwopriye. Yon ajans chita tandè a oubyen yon tribinal gendwa jwenn plasman ou an apwopriye, menm si plasman an pa satisfè estanda leta a ki aplike sou edikasyon SEA e distrik eskolè founi.

Limit sou ranbousman

Frè ranbousman ki dekri nan paragraf anvan an gendwa diminye oubyen refize :

1. Si : (a) Nan tou dènye reyinyon pwogram edikatif endividyalize a (individualized education program (IEP) ou te ale a anvan pitit ou a te retire nan lekòl leta a, ou pa t enfòmè ekip IEP a ou pa t aksepte plasman distrik eskolè a te pwopoze pou founi FAPE bay pitit ou a, e pale sou enkyetman ou yo e lentansyon w pou w enskri pitit ou a nan yon lekòl prive nan frè leta a , oubyen (b) Omwen 10 jou ouvrab (an kontan tout jou ouvrab ki te jou ferye) anvan w te retire pitit ou a nan lekòl leta a, ou pa t bay distrik eskolè a avi alekri sou enfòmasyon sa a ;[2]
2. Si, anvan pitit ou a te retire nan lekòl leta a, distrik eskolè a ba w yon avi alekri alavans sou lentansyon li pou evalye pitit ou a (ansanm ak yon deklarasyon sou rezon evalyasyon an ki te apwopriye e rezonab), men ou pa t fè timoun lan disponib pou evalyasyon an ; **oubyen**
3. Depi yon tribinal konstate aksyon ou yo pa t rezonab. Toutfwa, frè ranbousman an :

1. Pa dwe pou l redui oubyen refize pou manke founi avi a si : (a) Lekòl la anpeche w founi avi a ; (b) Ou pa t resevwa avi sou responsablite ou genyen pou w founi avi ki dekri anvan an ; oubyen (c) Respè kondisyon ki make anvan yo ap siman bay pitit ou domaj nan kò l ; e
2. Genwa, avèk diskresyon tribinal la oubyen yon ajan chita tande a, pa redui oubyen refize poutèt ou manke founi avi egzijib la si : (a) Ou analfabèt oubyen ou pa ka ekri nan lang anglè ; oubyen (b) Respè kondisyon ki make anvan yo ap siman bay pitit ou a gwo pwoblèm emosyonèl.